

# Epi Ou Pa Konn Sa

65-0815

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Mèsi, frè Neville. Se pou Seyè a beni w. Men ni yo pran m nan yon bagay, pa vre? Mwen vle remèsyè Seyè a, reyèlman byen, poutèt Li pwoteje ti gason Frè Capps la. Sa jis rive konsa ke se pandan ti tan sa ke mwen abitye tounen nan Indiana. Mwen konnen ke yo p ap anrejistre sa a; Mwen sipoze yo p ap anrejistre l. E kifè alò, mwen pa wè pèsonn la, konsa yo ... Mwen tounen vin fè lachas ekirèy. E kifè mwen panse ke Charlie pral oblige mete l avè m, limenm ak Nellie, ak lòt yo nan Kentucky, kounye a pou yon jou osinon de jou, pou fè lachas ekirèy. Kifè, mwen ta pito rate nenpòt bagay, nenpòt lòt kalite fason pou detann mwen, alò vin isit la sou ... anviwon nan mitan mwa Out, epi ale fè lachas ekirèy ak Charlie ak Banks, ak tout lòt yo. Se yon jan de tradisyon pou mwen. E kifè mwen te pran Jo ...

2 Lè nou te isit la lòt fwa a, tout moun te vin malad, akòz chanjman lè w soti nan klima vrèman cho sa a laba pou—pou antre nan klima fre sa a ou gen isit la. Mwen konnen ou panse ke sa pa fre, men vin nan Arizona yon fwa. Li te fè san nèf nan lonbraj jou maten lè mwen te pati a; epi nan alantou minwi, nan mitan nwit lan, lè lè fre a desann sot nan mòn yo, li te fè ankò katrevensèz. En-en. Ou wè, sa se vè minwi, lè lè fre a te desann. E kidonk se ... Plas sa a kòrèk nan tan ivè a, men se pou eskòpyon ak leza nan sezon lete a, pa pou èt imen. Menm tout bét yo pran mòn pou yo. Yo jis pa ka sipòte sa.

3 E mwen te soti pou m al tire, m te ajiste ti fizi m lan. Mwen...Kanmenm mwen jis vle pale avèk nou osijè ti gason Capps la. Epi mwen te di ... Epi, Jo, mwen jis gen fizi a ke m dwe ba li, paske li tire pi byen pase m. Nou te ajiste l, e mwen te--mwen te anfonse plizyè pinèz pou vize nan apeprè senkant mèt. Epi, mwen te di Jo ... Jo te di : "Papa, mwen kwè ke mwen kapab fè sa." Pòv timoun lan, li te gen yon tèt fè mal. Mwen te priye pou li, li te fè yon gwo lafyèv. Li te vini nan estann lan avè m, epi mwen ...

4 Nenpòt fizi vennde ki gen yon gwosè de pa dis, li travèse liy kote pou tire a a vennsenk mèt; e li bon ankò a senkant, jis menm bagay la tou, si se yon de pa dis. Kifè donk... E mwen te ajiste I a vennsenk mèt. E kifè mwen te rete de pinèz pou vize anplis e mwen te anfonse yo, epi Jo te anfonse toulede! Mwen pa t rete okenn pinèz pou vize ankò, konsa mwen te mete yon ti kras moso pijon an ajil ki te fin eklate la, sa tirè yo konn tire a, ki te jis mezire apèn yon ka pous an lajè, mwen te mete I a senkant mèt, epi li te koupe I an de pati. E li te fikse pou je pa m yo, jis kèk lane pi plis pase I. Kifè li te di : "Ou konn ki sa? Mwen dwe al di Billy pou I kite m trankil depi koulye a." Ou wè? [Frè Branham ak kongregasyon an ri – Editè a.]

5 Kifè, alò mwen te di : "Ebyen, m ap di w yon bagay," li di, "ann desann epi montre Frè Norman sa."

6 Mwen di, "Jo, nan konpetisyon atravè mond lan, mwen pa bezwen konnen ki moun li ta ye, pèsonn ..." Koulye a, pinèz pou vize yo pat anfonse kwochi sou kote, yo te anfonse tou dwat. E pyès sa a, ki pat mezire pi plis, mwen devine, ke yon ka pous, ak yon sèzyèm nan epesè, ak yon ka pous nan wotè, li koupe I an de, a yon distans senkant mèt. Mwen te di : "Pa gen pèsonn nan mond lan ki te ka vize pi byen ke sa. Yo ta kapab, chanpyon yo, yo ta kapab fè menm bagay la, men ou pa tap kapab fè twa pi bon kou pase sa. "Pinèz pou vize yo, pat kwochi sou kote, yo te jis fè yon twou byen won nan papye a ke yo te travèse a. Epi mwen di : "Okenn moun pat kapab fè yon--yon pi bon kou." Trè byen. Mwen panse ke maltèt li a te kite I touswit.

7 Epi mwen te di : "Ebyen, ann al montre Frè Norman sa a," k ap travay nan magazen machandiz espòtif *Field And Stream*, ki pwopriyete Frè Tony Stromei.

8 Li te di : "Ann ale lakay Billy an premye." Li di : "Mwen--mwen jis vle di Bubby yon bagay." Ou wè? Epi, franchman, frè I la pa janm fè byen tankou sa. Kifè li di: ``Nou pral pase la anvan.''

9 Epi apèn m te antre nan pòt la, Billy te ankò gen pijama I sou li. Epi, li di ... Nou t ale byen bonè, paske li vin fè sitèlman cho. E kifè, li di ... Telefòn lan te sonnen. Epi mwen di ... Li on jan gade m konsa. Mwen di : "Se petèt yon malad k ap telefone." Epi se te Frè Capps pou ti gason I lan, ki te nan sal operasyon lè sa a, ak yon peritonit ak sa k annatant. E li fenk sot di m ti gason I lan refè reyèlman, reyèlman byen.

10 Kifè, gade ki jan Bondye jis ranje sa, menm nan vwa ti ptit gason sa a, Jo? Olye pou n t ale kay frè Norman, nou pa tap la, epi nou te vini. Epi mwen menm, ak frè Capps nou te ini ansanm. Mwen pa di se priyè nou yo ki te fè li, men li te vle di yon bagay pou li pou nou pran kontak konsa. Epi, franchman, se sa ki ... Lè ou dwe—ou dwe gen lafwa nan sa w ap fè. Ou wè? Epi, sa, lafwa li te genyen pou li rele, e Billy te...

11 Yo te mete lajan. Li di : "Sa dwe yon apèl long distans," li te di, "li te mete prèske yon valè senk dola an monè, pou twa ... pou yon apèl twa minit." E mwen te panse ke sa te vin sot New York oswa youn nan zile yo oswa yon bagay konsa. Men li te fè yon apèl moun a moun, pou I te ka jwenn Billy olye de Loyce, ou wè, e se pou sa sa koute I chè.

12 Epi kounyeya ti gason I lan ap refè. Frè Capps te di doktè a pa ba I anpil espwa ke li t ap janm soti ladann, ou wè, nan operasyon an. E nou rekonesan anvè Bondye maten an pou sa, nou kontan anpil pou sa.

13 Kounye a, nou te rive, douvan jou maten an, e mwen te dòmi anviwon twazèdtan, e--e mwen ase fatige. Men, lè legliz la ... rive lè pou vin legliz, ebyen, mwen vini.

14 E si Seyè a vle, kounye a mwen dwe desann nan Kentucky, jan mwen te di nou an. Alò mwen te pwomèt pou m preche yon dimanch pandan ke mwen te an toune isit la, e mwen ta fè mye fè I dimanch pwochen, paske nan dimanch ki vin apre a mwen pral ... Mwen dwe retounen. Paske mwen pral repati ankò, monte nan Kanada. Kifè mwen--mwen ta fè mye fè li dimanch pwochen, ak dimanch maten pwochen.

15 Epi Frè Neville di : "Poukisa ou pa jis soti pou salye moun yo, epi pale ak yo jis pandan kèk minit?"

16 Mwen di : "Frè Neville, mwen apèn louvri Bib mwen." Mwen di : "Mwen ..."

17 Li di: ``Ebyen, soti al di yo yon bagay.'' Epi, Sè Neville, mwen — mwen — mwen pa konnen ki jan ou fè I. Li se yon kanmarad trè konvenkan. Men pandan ...

18 Mwen pa gen chans di sa lè tout plas la chaje, ak anpil moun, ak tout bagay, men mwen trè rekonesan anvè Bondye pou yon pastè tankou Frè Orman Neville. Fidèl, osi fidèl ke li kapab, pou Kòz la, e m pa janm tandem bougonnen. Mwen chita la ... Mwen te gen yon bon demi-èdtan ap pale avè I pandan ke mwen t ap jwi Frè Mann, e kifè mwen pral di I plis sou sa

lè nou rive nan Colorado ane sa a. Kidonk lè nou t ap jwi mesaj li a, e mwen te gen yon bon chita pale ak Frè Neville. Mwen di : "Mwen pa menm bezwen di pèp la anyen sou pastè janti nou an." Mwen di : "Èske moun yo trete ou byen?"

Li di : "Sa pa ta ka pi byen."

E mwen di : "Ebyen, se sa ke mwen kontan tandé."

19 Lè yon pastè satisfè, epi pèp la satisfè, sa fè yon legliz reyèlman bon, e alò Bondye satisfè. E mwen panse, wè yo satisfè ansanm, espesyalman nan jou Mesaj sa ke n ap pote a, mwen panse ke sa montre kontinwite Mesaj la ak pèp la epi ak Bondye. Ou wè?

20 Epi mwen trè rekonesan pou Frè Orman Neville, ak madanm presye li a ak fanmi li. E mwen priye pou Bondye fè yo rete fidèl ak Li ak Kòz la. E si sa fè L plezi, se pou nou kanpe isit la nan tabènak la lè Seyè Jezi vini pou nou, ou wè, pou mennen nou nan Anlèvman an. Nou espere ke nou tou de va fin sitèlman vye granmoun, Frè Neville, ke nou youn ap pase bra l alantou lòt la, epi kanpe la sou baton nou yo, toujou ap eseye kenbe fèm. Ou wè? "Lè sa a nou pral chanje, nan yon moman, nan yon klendèy."

Epi vye rad lachè sa yo pral tonbe.

Epi nou va leve epi sezi pri etènèl la,

Epi nou va kriye pandan n ap pase an lè a,

"Adye, adye," dous èdtan nan lapriyè.

Nou va moute anwo lè sa a.

21 E mwen te tandem pale de gerizon Frè Coomers nan men Seyè a, e mwen sitèlman rekonesan pou sa. Sitèlman gen anpil bagay. Kifè mwen rekonesan pou mwen isit la maten an. E mwen te panse, olye pou...

22 Mwen toujou ap vini isit la ak yon sèten sijè, epi pou m pale. Mwen te panse mwen ta jis--jis avanse konsa maten an. Epi mwen di : "Frè Neville, mwen pral gade revèy la byen trankil, e pwobableman m ap kite moun yo soti alè, epi jis pale avèk nou ak kè mwen, kèk minit; sèlman bagay ki jis, ke nou jis genyen ... Non, yo p ap anregistre li oswa anyen, kifè nou pral jis fratènize pandan ke se jis moun legliz yo ki isit la, ou wè, jis noumenm ansanm."

Kifè annou lapriyè.

23 Chè Jezi, nou rekonesan anvè Ou pou privilèj nou genyen pou nou rasanble ansanm isit la. E, o, pandan mwen t ap gade tabènak sa a bonè maten an, aprè minwi, pandan m t ap pase devan I, mwen te panse sou kijan Ou kanpe bò kote I.

24 E mwen panse a vye letan an ki te isit la, ak gwo vye move zèb yo ki te kanpe la, prèske drèt kote lestrad sa a ye la. Kòm lè m te yon ti gason, mwen-mwen te kanpe isit la. Mesye Ingram te di ke nou ta ka gen lo tè a pou jis yon ti kras lajan, epi peye yon depo; e nou pat gen lajan, anyen pou bay kòm gaj, oswa anyen pou ofri, men nou te jis prè pou eseye. E kijan, lè sa a, li te gen yon valè total yon ti kras plis pase de mil dola; ak ven lane pou peye li.

25 E koulye a, Seyè, gade li koulye a! Epi pandan ke li te nan konmansman li, li toujou chita nan yon twou isit la, dlo t ap vide ladann; ki jan Ou te pwomèt nou, pa Pawòl la: "Se Mwen menm Seyè a ki te plante I, Mwen va wouze I lajounen kou lannwit, pou kèk moun pa rache li nan men M."

26 Menm lè a, moun yo te di : "Nan lespas sis mwa, li pral tounen yon garaj."

27 Men literalman dè milye nanm jwenn Kris la isit la sou lotèl la. Epi tabènak la, batistè a toujou ... Moun te batize nan non Senyè Jezi a; yo invoke Non Li, yo lave peche yo. Dè santèn de moun enfim, aflije, avèg, moun k ap bwete, moun ki paralize, moun kansè t ap manje, te pase sou estrad sa a; yo te antre, tou ap mouri, gason kon fanm, ti gason kon tifi, epi yo te pati pou y al viv yon nouvèl vi, ak yon nouvo chè sou kò yo, epi yo te mache ankò; yo te kite chèz woulant yo, beki, e latrìye. O Bondye, trant ane sèvis sa a!

28 Papa, mwen sonje jou maten an nou te poze premye wòch la. Epi Ou te bay vizyon an la, ki montre plas la, ki te ranpli a krake, yon bèl kwen; Mwen--mwen te konnen ke sa pa t kapab fayi. Kifè mwen di Ou mèsi pou tout bagay sa yo.

29 Anpil nan yo te konbat yon bon konba, epi yo te achieve kous la, epi yo te kenbe Lafwa; yo kouche laba, y ap tann, y ap repoze kounye a de travay yo, e zèv yo ap swiv yo; y ap tann lè a pou twonpèt la sonnen, epi pou yo leve ankò pou yon nouvèl vi, nan yon nouvo kò. Anpil nan yo te vye e yo t ap tranble, gen kèk ki te jèn, laj mwayen, e latrìye. Men se pou Non Ou louwe pou yo tout.

30 Koulye a, nou kanpe la ankò devan moun vivan yo-yo ak moun mouri yo. Mwen priye pou Ou wenn Pawòl Ou yo maten an. Mwen pa konnen yon sèl bagay pou m di, men mwen priye pou Ou founi sa, sa ke Ou te toujou fè, Seyè.

31 Beni pastè nou an, Frè Neville, madanm li. Beni administratè yo, konsèy dyak yo, chak manm nan kò a. Ke nou viv ansanm konsa nan lavi sa a, pou ke nan lavi k ap vini an nou va gen Lavi Etènèl.

32 Ede nou maten an pou nou pran koreksyon ki soti bò kot Lespri a ak Pawòl la, pou nou ka prepare tèt nou pandan n ap kite pòt yo maten an, pou nou detèmine nan kè nou pou nou viv yon lavi miyò pase sa nou te genyen nan tan pase. Nou mande li nan Non Jezi. Amèn.

33 Koulye a, mwen — mwen fèk louvri Bib la isit la, e li te rive kèk minit de sa. Mwen nan Apokalips 3, kifè mwen pral jis li isit la, sou Mesaj la--la ki pou Legliz Lawodise a.

34 Epi mwen vle anonse tou, Frè Neville te jis di mwen; Frè Parnell, alòske mwen te rive gade anba epi m wè I chita isit la, li nan yon--nan yon revèy, jis bò kote sa nan Memphis. Nan la--la ... nenpòt nan nou konnen ki kote vye Wimpy a te ye, kote estann pou anmbègè konn abitye ye, li gen yon--yon tant ki tabli laba, I ap eseye pote kèk jèb, dekouvri si gen kèk moun ki pèdi sou chimen an ki te òdone a lavi, ke li ta ka gaye atravè ministè li pou Kris. E li fèmen I pou dimanch, akoz sèvis yo ki genyen nan tabènak la, e--e se trè lwayal bò kote pa w frè nou an. Epi nou vle ou konnen ke sèvis yo pral louvri lendi swa apre, semèn pwochèn. E mwen konnen nou tout nou te envite kòdyalman pou tandem frè Parnell pote mesaj li sou lanmou Kris la.

35 Epi kounye a, annou li nan Apokalips chapit 3 a, jis yon pòsyon, pou di ke nou li Bib la. Paske, sa mwen ta di ta ka fayi, men sa Li di p ap fayi. E mwen pa konnen ki kote pou m kòmanse , kisa pou m fè, ki kote m prale, men mwen jis ap li Laj Legliz Lawodise a.

*... bay zanj legliz la ... Lawodiseyen ekri; Bagay sa yo di Amèn lan, temwen fidèl ak vrè a, ak kòmansman kreyasyon Bondye a;*

*Mwen konnen travay ou, ... ou pa ni frèt ni cho: mwen ta ...ke w frèt oswa cho.*

*Se konsa, paske ou tyèd, epi ou pa ni frèt ni cho, mwen pral vwomi ou soti nan bouch mwen.*

*W ap plede di: Se mwen menm ki rich, ak ogmante nan machandiz, epi yo gen bezwen nan pa gen anyen; epi ou pa konnen ke ou se mizerab, ... mizerab, ... pòv, ... avèg, ... toutouni:*

*Se pou nan ou yo achte nan men m bon lò san melanj nan dife a, pou ou ka vin rich; ... blan rad, pou ou ka mete rad, e ke ou wont nan wè anba rad nou pa parèt; Apre sa, w a vide lwil sou je ou pou ou ka wè.*

*Tout moun ke mwen renmen, mwen rale zòrèy yo epi m chatye yo: Se poutèt sa, ou dwe zèle, epi tounen vin jwenn Bondye.*

36 Ou konnen, yon kote la, antan m t ap li, mwen ... Si w ap eskize m yon minit, mwen — mwen jwenn yon kote ki sonnen bon pou mwen, e mwen pa konnen jis ki kote li te ye kounye a. Men li.

*... epi ou pa konnen ... malere, ... mizerab, ... pòv, ... avèg, ... toutouni:*

37 O, la la, sa se kalite foto isit la de legliz la jodi a! Koulye a, se, mwen--mwen panse ke laj legliz isit la, ke n ap pale de li a ... Natirèlman, mwen gen laj legliz la ki vini kounye a nan liv yo. Men, etan done ke se Laj Legliz Lawodise a ke nou ladann lan, ann jis gade kondisyon yo.

38 Mwen pa vle pran okenn sijè oswa anyen, paske nou pa ...nou jis ap pale yon fason dekontrakte, jan nou wè pou n pale sou tou sa Seyè a ta kondwi nou pou nou fè, men yon bagay ki ta ka ede nou.

39 Ann panse a Laj Legliz Lawodise a ak kondisyon li jodi a. Dapre sa mwen konnen, mwen pa wè anyen ki anpeche, nan moman sa a, Vini Seyè Jezi a, andeyò preparasyon Legliz Li a. Mwen panse ke youn nan pwofesi yo--yo ...

40 Yè, antan m t ap vini nan machin lan, nou te kondwi li pandan de jou, soti nan Tucson, isit la, egzakteman twa mil kilomèt, Billy ak mwen. E kifè nou, kounye a, nou pat brize okenn lwa vitès. Nou te rete kòrèk. Mwen te chita la, si li t ap kondwi, epi mwen—mwen swiv tout bagay—mwen gen pwen mwen ki prè tankou yon fizi chas ki byen ame. Si mwen wè l depase. Mwen di : "Tann yon minit, ti gason."

Koulye a, yo di nou : "Bay Seza sa ki pou Seza."

41 Alò nou te antre isit la yè swa, te gen yon ti fi kouche gaye sou wout la, li te gen anviwon twa zan; manman an mouri nan fose a. Gen kèk ti gason ki sou, ki soti nan ROTC, li te gen dizwitan, li t ap kondwi a sankatrevendis kilomèt a lè, sou bò gòch wout la, li te touye l. E mwen devine li t ap mouri, tou. Alò ou ta ka reyalize sa li ye.

"Bay Seza sa ki pou Seza."

42 Moun inosan ap mouri. Yon ti fi twa zan pèdi lavi l, akoz yon sòlda ki sou, ou wè, ki t ap kondwi sankatrevendis kilomèt a lè, dapre estimasyon, sou move kote nan wout la. Li te vin soti anwo ti mòn lan, e li te frape yo drèt sou devan, li te touye yo tout toudenkou. Mwen ... Li t ap mouri, tou. Kifè alò ou ka wè, menm si viktim inosan yo pa t ap fè...

43 Koulye a ti gason sa a koupab poutèt li touye moun ak san frèt. Ou wè? Mwen panse ke si yo ta kenbe yon nonm sou wout la, ki bwè, yo ta dwe ba li dis lane, fèm, pou premature ... pou lanmò premedite ; nenpòt moun, paske li jis ... nenpòt moun.

44 Nou, nou pap janm arive fè anyen ki bon ak politik. Li pouri. Lide Bondye pou genyen yon wa, yon wa ki jis, se li ki bon. Men politik la jis tou senpleman ap deleye, ou ka achte nenpòt bagay; triche, bay manti, vòlè, tout lòt bagay. Kòm mwen te di kèk dimanch de sa: epi gade kote ou ye a, ou wè, pa gen anyen ke jis yon melanj kwòch de tout bagay. Men yon wa ki jis ka fè pwòp lwa li yo. Epi ou ka touye yon nonm; si ou byen madre nan politik, pa gen pwoblèm, ou ka soti ladann. Ou wè? E kifè, se, sa—sa...

45 Demokrasi a se yon bon lide, men li p ap mache. Se jis tankou kominis, tout bagay an komen; li sanble li bon, men sa p ap mache. Non. La...fason Bondye pou gen yon wa, tankou David te ye, se te bon, epi ou santre sou yon sèl lide. Se tankou yon sèl lidè ak yon pakèt zwa, e ensi de swit, ou pa ka gen de oswa twa pami yo. Lè sa a ou mete yo an dezòd yo tout ansanm, ou vini ak nenpòt kalite lide.

46 Se konsa nou jwenn kondisyon yo, jodi a, nou pare pou Vini Seyè a.

47 Men, pandan ke Frè Neville ak mwen, ak lòt frè sa yo ap eseye kondwi yon twoupo, mwen gen yon bagay nan lide m kounye a, ki vini, ke nou ta ka pale sou li.

48 Se ke, mwen te resevwa yon lèt lòt jou de yon bèl dam. Mwen pa janm jwenn li; li vini atravè yon lòt moun. E li te sètènman dechire m an miyèt moso, oswa li t ap ap eseye. Li t ap di :

"Èske w te janm ... Èske nou menm Òm Dafè Kretyen yo nou pa ka fè yon bagay pou fè Frè Branham sispann?" Li di : "Paske li gen liv sa a ki fenk soti kounye a yo rele *Laj Legliz Lawodise* a, l ap pote pi plis ankò." Epi li di : "Li jis tou senpleman ap dechire doktrin Pannkotis la an miyèt moso." Li di : "Koulye a, l ap pale de prèv inisyal la ki pa pale an lang." Li di : "Epi li kont fanm predikatè yo." Epi li te yon fanm predikatè. E pitit gason l yo, se kèk nan pi bon zanmi yo ke mwen genyen nan mond lan. Li ... Yo pamí pi bon zanmi yo ke mwen genyen. Epi li di : "Kounye a..."

49 Epi mesye sa ak madanm li, mwen t ap manje manje maten avèk yo; yo te di : "Frè Branham, gade sa. Èske ou ka imajine w sa? " epi yo rale yon lèt.

Mwen di : "Ebyen, sè, li jis pa konprann."

50 Mesye yo di m manman yo se te yon fanm predikatè, e ke li pa aksepte Mesaj la.

51 Epi kounyeya li di isit la, li di: "Kounye a, li di, 'Fam yo pa ta dwe gen otorite sou gason yo.'" Li di : "E Phebe nan Bib la, k ap ede Pòl la?"

52 Sètènman, li te yon vandè machandiz. Epi Pòl te mande pèp la ... Èske w panse Pòl ta di : "Se pou medam yo rete an silans nan legliz yo, m pa pèmèt yo pale," epi li ta vire tounen pou l di : "Koulye a, Phebe, moun k ap ede m nan Levanjil la, li pral preche pandan kèk sware"? Franchman, li ta kontredi pwòp pawòl pa l. Ou wè?

53 Epi li di, alò, pou fini tout bagay (mwen kwè se te Esther, se te youn nan jij yo nan Bib la.), Li di : "Yon fanm te yon jij nan Bib la. Si sa se pa otorite sou gason! "

54 Epi biznisman sa a ki te geri isit la menm nan legliz la sa pa fè lontan, li te di ... Kounye a, madanm li te di : "Frè Branham, sa te toujou entrige m."

Mwen di : "Poukisa, sè, ki jan sa ta fè entrige w?"

Li di : "Ebyen, men yon fanm jij."

55 Mwen di : "Sa se politik, se pa legliz la. Sa pa gen anyen pou wè ak legliz la. "

56 Pòl di: ``Se pou yo obeyi, jan lalwa di sa tou. E lalwa pa ka mete yon fanm kòm prèt; li pa ka mete l. Ou pa janm wè yon fanm granprèt. Ou pa janm wè yon fanm yon prèt, okenn kote nan Bib la. Ou pa janm wè yon fanm predikatè, nan Bib la. Sètènman.

57 Kèk nan yo te pwofetès, elatriye; Miryam ak diferan lòt. Epi Estè ... Youn nan yo te yon jij sou pèp Izrayèl la. Pafwa yo te rèn sou tèt yo, elatriye tankou sa, wa ak rèn. Lè wa a te mouri, rèn lan te pran plas li jiskaske yo te chwazi yon lòt wa, elatriye.

58 Nan — nan Tucson, Arizona, nou te gen yon fanm jij la nan vil la. Se rezon ki fè vil la sitèlman polye. Epi nou genyen ... Yon fanm pa gen okenn zafè nan politik. Li pa gen okenn zafè nan la ... sou okenn otorite nan legliz la.

59 Plas li se rèn yon gason lakay li. Andeyò de sa, li pa gen anyen. Epi nou konnen ke sa se Laverite. Ou p ap janm jwenn ... Mwen konnen ke sa sanble alansyèn mòd, men mwen responsab.

60 Epi mwen konnen, apre m fin pati kite tè sa a, bann sa yo ak liv sa yo ap rete vivan, e anpil nan nou jèn timoun yo nou pral wè, nan jou k ap vini yo, ke se egzakteman Laverite, paske mwen di li nan Non Seyè a.

61 Koulye a, nou mande ki jan yon fanm, ki se yon bon fanm, epi li pote sou tè sa a pa mari fidèl li a, yon bon gason, kèk nan pi bon gason yo ke mwen te janm rankontre, yo se vrè gason, ke mwen te janm rankontre. Epi jis byen vit, jis osi vit ke yo te tande Mesaj la, yo te vann tèt yo ba Li a sanpousan. Bon, sa te kapab sèlman vini pa predestinasyon, se sèl fason sa li ka vini.

62 Koulye a, men kesyon an, isit la. Mwen te panse ke, ou wè, kounye a poukisa Seyè a te fè m tounen la. "Epi ou konnen li, konnen ... Ou pa konnen li ; ou toutouni, mizerab, malere, avèg, epi ou pa konnen li."

63 Anvan mwen rive sou pwen sa a, mwen ta ka rezime sa mwen te di kèk jou de sa, isit la nan yon mesaj sou, mwen kwè ke se te, *Dye Mond Sa* ; avègle je moun yo, ke yo absoliman ap adore dyab la nan sèvis relije yo. Eske nou tout te sezi sa? Nou tout te konprann li? [Kongregasyon an di: "Amèn." – Editè a.]

64 Epi alò nan menm Mesaj sa a, mwen te pote sijè a, ke, yon fanm ki mete rad imoral, endesan, li, dwe jije devan Tribunal Jijman an kòm yon pwostitye nan lari. Sa sanble I etranj terib.

Kite m trase yon ti pòtrè pou ou.

65 Koulye a, men yon avoka nan vil la, yon jèn kanmarad, epi li se yon nomm janti. Osi Iwen ke--ke politik li konsène, mwen imajine m li ka kòrèk tankou nenpòt lòt, nan politik li yo. Epi I ap soti ak yon fi ki trè popilè. Yo tonbe damou epi yo marye. Yo ale nan tout fèt yo ak gwo anbyans sa yo, epi yo tout bwè ansanm. Finalman, li ... Li gen yon bèl kay. Li rete nan yon bèl katye. Moun yo panse byen de li. Men, li ... Toulede tonbe nan bwè. Li mete bout pantalon, li koupe cheve li, li mete makiyaj, tout bagay jis osi seksi, bèl fanm ki montre tèt li. Ebyen, li pa janm ale legliz, ditou, okenn nan yo.

66 Konsa, yon fanm ki soti nan legliz Batis oswa legliz Metodis, limenm ak mari I, vin abite nan kay ki bò kote yo a. Kounye a, fanm sa a ...

67 Ann di ke li se Metodis, paske Metodis la panche yon ti kras plis sou sentete pase Batis la; yo tout eksepte Batis Nuevo Testaman an, yo kwè nan sentete. Men, anjeneral, Batis yo pa panche pou sentete ditou, ou wè. Yo pa kwè nan yon bagay konsa. Kifè alò, kounye a, ann di li se Metodis paske yo kwè nan sentete.

68 E alò yon fanm Metodis demenaje vin abite nan kay ki bò kote fanm sa a, nan menm lari a. Mari I se yon ... Ann di ke li se yon kontab piblik, e, oswa I ap travay nan kèk biwo. Ebyen, fanm Metodis sa voye je I gade lòt fanm lan.

69 Epi lè avoka sa a kite vil la ... Li rele John; ann di li rele John. Bon, pa fè sipozisyon sou sa kounye a. Mwen jis ap envante non kounye a. Epi li rele John. Ebyen li te konn soti ak Ralph. E sa tou se yon non mwen envante, yo tout, ou wè, jis pou nou konprann istwa a, pou fè yon pòtrè.

70 Ebyen, premye bagay ou konnen, nan yon fèt tafyatè, Ralph anbrase I ankò. Ebyen, li vin tout eksite, paske li vin tonbe damou ankò ak Ralph, li panse. Alò, apre yon ti tan, Ralph kòmanse rankontre I. Epi li aranje I yon fason pou John pa wè sa. Epi li panse li se yon madanm trè entelijan, paske li ka soti ak Ralph, antan li marye ak John. Ou wè, fanm lan pa menm genyen limit desans lan, e li pa panse anyen mal sou sa.

71 Men, fanm Metodis sa a elve nan yon lòt kategori. Li menm, omwen, I ale legliz, epi li panse ke fanm sa a terib. Donk, li di mari I, lè I antre, "Mwen wè nonm sa a antre la epi rankontre I. E lè John soti pou al yon kote, Philadelphia oswa yon kote, li pran I pou I soti avè I nan machin roadster li a, epi y al blayi kò yo sou plaj la. Mwen wè yo vin lakay yo; yo pa menm rale rido

yo desann pafwa, li bo li epi li fè lanmou avè l, epi... O, èske sa pa terib?" li di mari l. "Ebyen, li pa anyen ke yon pwostitye biblik." Se vre. Li pi mal pase yon pwostitye biblik, paske li se yon fanm marye. Ou wè? Epi li, fanm sa a, fanm Metodis sa a, panse ke se terib, li pa janm al legliz.

72 Kounye a, fanm Metodis sa a pa t ap fè yon bagay konsa. Non, se vre. Li se yon fanm desan. Epi yon lòt bagay, li pa t ap touche yon ti gout wiski, paske, legliz Metodis la, katrevendis poustan nan pwogram yo se entèdiksyon kont wiski, kont wiski. Kifè, yo gen yon pwogram ki gen entèdiksyon, epi moun ki nan legliz Metodis sa pa viv pi wo pase sa legliz sa anseye.

73 Men menm fanm sa a, fanm Metodis sa a, soti, yon aswè, ak mari l, li mete bout pantalon nan dimanch, apre lekòl dimanch. Li koupe cheve li. Li mete wouj a lèv, epi li menm fimen yon ti kras.

74 Koulye a, nan Pawòl Bondye a, yo toulede se pwostitye, men sa a isit la li "toutouni, mizerab, mizerab, avèg, epi li pa konn sa." Youn osi koupab ke lòt la, paske, "Yon nom ki gade yon fanm, pou li konvwate l, deja komèt adiltè avèk li nan kè l."

75 E si fi sa, bon, nou kapab di, "Men jis yon minit Mesye Branham. M vle fè w konnen, m pa yon prostitiye." Sè m, petèt si w ta prezante devan Bib la, e poze men w sou li nan Prezans Bondye, e jire nan yon sèman ke w toujou rete osi fidèl-fidèl a mari w otan ke l posib, men nanm ou apatyen a Bondye. Gen yon lespri move ki wenn ou. Si se konsa, si w pa, alò ou se...m kapab prouve ke w konplètman fou.

76 Kisa ki t ap rive granmè w si li ta mache deyò a nan lari a avèk ti bout chòt sa yo sou li? Yo ta va mete l nan yon azil moun fou; li soti san rad sou li. Gen yon bagay ki pa kòrèk nan tèt li. Si se te konsa a lepòk, se konsa jodi a.

77 Alò li plonje tout mond lan nan foli. Se totalman ensanse. E li gradyèlman fofile ladan l jiskaske moun yo pa rekonèt sa.

78 Kounye a, èske l se yon prostitiye? Non pa devan mari l, poutèt ve a li fè sou kò li. Men, devan Bondye, li gen yon move lespri, lespri prostitiye sou li, ki fè l abiye konsa. E li nan Laj legliz Lawodiise a, e pa konn si l ap fè sa. Fi inosan sa pa konn si Bondye pral jije l kòm yon prostitiye. Se sa li ye.

79 Ou prezante L ba li; ou pa ka di l sa. Pa gen okenn fason pou fè aksepte L. Bib la te di, "Yo toutouni men yo pa konn sa."

80 Si w ta va rele l yon prostituye, pèsonèlman, li t ap fè yo arete w. Li t ap fè sa. Mwen pa janm pale pèsonèlman sou okenn moun. Mwen pale de peche. Mwen pa di, "Legliz sa, Mesye entèl-entèl laba, Reveran entèl-entèl, li se yon..." Non, non. M di tèl bagay, tèl doktrin, wè, se bagay la ansanm. M pa rele endividé. Se pa endivi yo. Se nan sistèm yo ye a. Se sistèm mond lan.

81 Frè George Wright ki chita la se...li gen swasant senk oubyen swasant wit lane, m sipoze. Kisa w panse ki ta va rive si w ta ale wè Sè Wright yon jou, e li ta va kanpe la ak ti bout chòt sou li? Poukisa, ou pa t ap janm, ou t ap-ou t ap fè yo anfème madanm lan. Ou pa t ap janm marye avè l. Ebyen, si nenpòt ki jèn gason nan tan sa ta va fè sa, menm bagay la ta va rive. Ebyen, si se te yon peche e move a lepòk, se menm bagay la; men moun yo devlope yon demans.

82 Kite m pwofetize yon bagay ba ou, jis avan ke sa pase. Mond lan antye ap regroupe l nan demans, e li pral anpire e anpire e anpire, jiskaske y ap vin yon bann manyak. E se prèske konsa kounye a.

83 Ou kapab imajine yon nom k ap kondwi ak limyè l etenn, sou move bò rout la; yon ricky, jèn timoun, sipoze l ta fèk soti nan segondè, ta tiye yon pakèt moun. Èske sa t ap kanpe yo? Yon lòt vini dirèk aprè l, ap fè menm bagay la. Ou kapab imajine yon jèn gason ki panse nenpòt tèt...nenpòt kisa de tèt li, soti deyò a e aji jan y ap fè a.

84 Èske w kapab imajine yon jèn fi, nan flè jenès li, bèl, byen kanpe, bati, profil, figi, bèl; e menm bagay ki fè l bèl la montre ke nou nan fen tan. Wè, li ale tout ansanm nan aspè mond lan, bagay mond lan e non pa kote sentespri, dousè nan nanm li. Mwen wè yon pakèt fi, nan eksteryè yo pa gen anyen pou admire, men w pale avèk yo yon sèl fwa, pale avèk yo kèlke minit, yo se yon vrè bagay otantik, ke w pa kapab kite. Wè, bote nan eksteryè se de dyab la, se de mond lan.

85 Gade pitit Kayen yo, kijan yo ale ladan l. " Lè pitit gason Bondye yo te wè pitit fi lèzòm yo te bèl, yo te pran pami yo pou madanm," e Bondye pa t janm padone yo.

86 Gade, lè fi Izrayelit yo avèk-avèk zanpoud nan men yo, e cheve yo makonnen; lè pitit gason Bondye yo rive nan teritwa Mowab la, e rankontre fi delikat sa yo avèk cheve yo byen ranje, epi ekstravagan, epi anpil maniki nan figi yo, oubyen kijan w rele sa, lè pitit gason Bondye yo

te wè vrè bote feminen sa yo, yon fo profèt te di, "Nou tout se menm nan." [Frè Branham frape chè a sis fwa—Ed.] E yo te marye pamì yo, e Bondye pa janm padone yo.

87 Yo peri nan dezè a. Chak gress ladan yo mouri laba a, san lespwa, san Bondye, e se yon pèt Etènèl; kondane pou toujou, menm si yo te wè bonte Bondye, menm si yo te bwè nan fontèn ki pa janm tari a. Yo te bwè nan roche frape a. Yo te wè sèpan an kwiv la pèfòme mirak. Yo te soti nan batèm Moyiz nan lanmè a. Yo te wè men Bondye. Yo te manje nouriti Zanj yo, e yo te fè tout bagay sa yo. Pa komèt adiltè, jis marye pamì yo menm; Bondye pa janm padone yo.

88 Sa se dezyèm fwa li rankontre. Kounye a nou sou twazyèm fwa, li plis tronpè kounye a ke jamè.

89 Mwen konnen li pa fasil. E plizyè fwa mwen kesyone, nan diferan fason, Kijan sa pral janm ye? Poukisa m oblige pale san reflechi a moun yo? Kisa ki fè sa? E malgre sa, mwen remake, si se pa t pou Bondye, pa t ap gen pèsonn, pa yon fi t ap chita epi koute m. Men yo retounen, paske gen yon moun ki gen yon ti ankraj Laverite, ki konnen ke Sa se vre. Pe enpòt, yo konnen Se vre. Kounye a gade kisa ki rive. Mwen konnen se difisiil.

90 Se tankou si yon doktè bay yon medikaman, e ou refize pran I, alò pa blame doktè a si w mouri. E Sa se tankou medikaman. Kannètil de moun sa yo ki toujou ap di m ke m rayi fi?

91 Ou wè, ou jis obsèvè fason fi yo aji, e pral montre w kijan legliz la ye. Moralite fi yo se nan Lawodise, nan mond lan, fizikman, "toutouni, mizerab, avèg e pa konn sa," Moun-moun yo, fi lemond yo. E legliz la nan menm kondisyon an. Obsèvè natirèl la tipifye espirityèl la, jiskobou, a chak fwa. Kounye a, yon jou nan Baro Jijman an...

92 Mwen konnen li pa popilè pou di sa. E si yon nonm pa òdone pou di I, li preferab pou pa di I; paske w ap imite, e w pral gen pwoblèm, se sèten.

93 Kounye a remake. Mwen te anfèt, gade kijan, pafwa, kenbe bouch yon fi ouvri e vèse Medikaman an nan bouch li, e answit kite menm yo sou bouch li, e li rekrache L a chak fwa. E si yon doktè ta fè yon pasyan sa, aprè sa pasyan mouri paske yo refize vale medikaman an? Nan Baro Jijman, lè tout bagay sa yo tankou koupe cheve w e pote bout chòt e...

94 Mwen jis ap konstwi. Lè a vrèman ap pwoche kote w pral wè yon bagay rive, kote yon bagay pral pran plas. E tout fon sa isit la te jis poze yon fondasyon pou yon Mesaj kout, rapid ki va sekwe tout nasyon yo.

95 Poukisa mwen t ap achane m sou fi yo, li jis t ap prepare l pou yon bagay ke w kapab frape dirèk sou tèt ou, avèk li. Men m eseye di yo kisa ki kòrèk. E mwen kenbe yon men m *konsa*, sou bouch li, e yo rekrache L. Alò kiyès ki kapab blame doktè a?

96 Kijan w pral di, nan Jou Jijman, kote menm vwa sa yo k ap kriye kont li, pral jwe anrejistreman ankò nan figi moun yo? Alò kijan y ap fè echape yo de li?

97 Rekrache l nan mitan dwèt ou yo. Vèse kèk desann ankò, answit finalman sekwe tèt yo e revòlte, e pati, yo pa p fè l. Poutan, ou tounen ankò e vèse L andedan ankò. Alò kiyès pou blame? Pa doktè a, pa Medikaman, men atitud moun nan. Se egzakteman sa. Se ap yon jou terib, youn nan jou sa yo, kote jenerasyon pechrès adiltè sa kanpe devan Bondye Tou Pwisan.

98 Mwen wè lane m yo ap ratresi, zepòl mwen ap bese; e, mwen konnen, trantan isit la sou estrad la, wi, tranntwa zan isit la sou teren an. Se yon vi long. Se tranntwa zan de sèvis. Yon sèl règrè m genyen; ke m pa t gen santranntwa zan de sa. Paske se pral dènye opòtinite m pral janm genyen, pandan ke m isit la mòtèl, pou m preche Levanjil la. Bondye ede m pou m kanpe osi fidèl ke posib, a Pawòl la, e jis di sa L di.

99 Kisa ki fè ke fi Methosis sa...Kijan w ta ka janm mennen L ba li? Men l isit la, nan Laj Legliz Lawodise a.

100 Kounye a nou pral pran fi Pannkotis la. Li pa dwe pote bout chòt, makiyaj, oubyen koupe cheve l, men li gade dèyè Metodis la, di, "Gade fi sa fè sesi-sela!" Di fi a pa pote bout chòt, men li si...e tèt li ak cheve koupe. Wè?

101 Plis ou monte wo nan Bondye, plis bagay la tout antye sanble ranpli peche. E donk pafwa, nan lapriyè, ou kapab imajine, lè Sentespri a transpòte w nan yon atmosfè, alò bagay la antye parèt yon konfizyon. Donk lè w retounen desann, ou sanble tankou w se, pou moun yo, ou se yon vilen, ke w-ke w pa anyen dot ke yon vye sinik. Ou se yon fou, paske w kanpe tankou yon vye eforik e toujou ap reprimande moun yo. Men si jamè w grenpe nan atmosfè sa yo yon fwa, kote w kapab nan Prezans Bondye (pa atravè emosyon, men atravè elevasyon otantik Sentespri), tout bagay la ekri, "ICHABOD." Laglwa Senyè a te kite kostim denominasyonèl la an antye. Se vre. Pa gen okenn ladan yo ki kòrèk.

102 Kounye a kite m trase yon ti sèk pou ou. Si m te genyen yon tablo nwa...Men m vle w gade isit la. [Frè Branham desine ano ki site apre yo sou yon bagay—Ed.] Mwen pral fè yon ano konsa, e m pral fè yon lòt ano andedan ano sa, sa fè de, answit m pral fè yon lòt ano andedan ano sa. Sa fè twa ano, twa sèk. Kounye a, sa se ou menm.

103 Sa se Bondye. Bondye nan yon trinite se Youn, e san yon trinite li pa Bondye. Li pa kapab manifeste okenn lòt fason.

104 E ni ou menm pa kapab manifeste san ke w pa pèsòn trinitè w ye a, se : kò, lespri, nanm. San youn nan twa sa yo, ou pa konplè. Wè ? Si w pa t gen yon nanm, ou pa t ap anyen; si w pa t gen yon lespri, ou pa t ap anyen; si w pa t gen yon kò, ou t ap jis yon lespri, pa yon kò.

105 Donk, Bondye konplè nan yon tri-inite de yon Kreyati; pa yon tri-inite de *plizyè keyati*, men Yon Kreyati nan yon tri-inite. Pè, Fis e Sentespri se yon vrè Bondye manifeste. Bondye!

106 Obsève isit la, jis tann, m-m kwè m te li I jis kèlke minit de sa. Tande sa.

*...a lanj legliz de...lawodise a ekri;*

*Men sa Amèn lan di, temwen fidèl e veritab la, kòmansman kreyasyon Bondye a.*

107 Bondye se yon kreyatè. E kijan li te fè janm kreye? Men sa se “kòmansman kreyasyon Bondye a.” Lè Bondye, Lespri a, te kreye nan fòm yon nonm, se te Bondye ki t ap kreye; Bondye kreyatè a, Li menm, vin yon kreyasyon. Bondye, Ki kapab fè pousyè, fè kalsyòm, fè potasyòm, limyè kosmik, petròl, pran bagay sa yo ansanm e kreye Tèt Li, nan “kòmansman kreyasyon Bondye a.”

108 “Amèn nan,” lafen an. *Amèn vle di “Ensi swa til.” “Finalite Bondye,”* Lè Bondye konplè nan kreyasyon Li.

109 Kounye a, kijan sa te ye? “Okenn moun pa t wè Bondye nan okenn tan, men sèl projeniti Papa a te deklare L.” Ou konprann li?

110 Di, jis yon minit, ou pa prese. Ann vire nan Colosyen, jis yon minit. M jis kòmanse...yon Ekriti monte nan lespri m. Ann vire nan Kolosyen, nan Liv Kolosyen, e pran ...m kwè ke se premye chapit la. M pral gade sa, paske se pa t premedite isit la. Donk m pral...tankou m te ye, lè m te yon jèn predikatè, m te kapab jis panse de bagay sa yo [Frè Branham klape dwèt li—Ed.] toudeswit, men an vyeyisan m pa kapab. Ann kòmanse nan nevyèm vèsè a, m kwè. “Pou koz sa...” Se Pòl k ap pale Kolosyen yo de Kris, Kiyès Li te ye.

*Pou koz sa nou menm tou, depi jou nou tandé li a, nou pa sispann priye pou ou...deziran ke w kapab ranpli ak tout konesans de volonte I nan tout sajès de lespri ak entèlijans.*

*Pou ke w mache de fason diy de Senyè a nan tout satisfaksyon, pote fwi de bon zèv, e pou ogmante nan konesans Bondye;*

*Fòtifye tout...selon pwisans gloriye, de pasyans epi longanimite nan lajwa;*

*Remèsyan Papa, ki te rankontre...ki te fè nou pou...patisipan nan eritaj sen yo...*

*Ki te delivre nou de pwisans tenèb la, e transpòte nou nan rwayom Pitit Gason presye li a :*

111 Isit la nou konprann li. Obsève.

*Nan li nou gen redanmsyon a travè sa li, ata padon peche :*

*Ki nan imaj de Bondye envizib la,...*

112 Ou konprann? Kenzyèm vèsè, Kolosyen 1 :15

*...premye ne de tout kreyati :*

113 Amèn! De kisa? “Premye ne de tout.” Ke se swa Zanj, ke se swa nenpòt sa l kapab ye; li se premye ne de tout kreyati.

*Paske pa Li tout bagay te kreye-tout bagay te kreye, ki nan syèl la, oubyen...sou tè a, vizib...envizib, menm si yo se tron, menm si yo se dominasyon, ... prensipote, ... pwisans : tout bagay te kreye pa Li, e pou Li :*

114 [Lè ke Frè Branham ekspire, fè lèv li tranble—Ed.] Pe enpòt sa l kapab ye; okenn lòt kreyati! Obsève, “E nan... E li se pa konsekan...”

*...li avan tout bagay, e pa li tout bagay konstitiye.*

115 Menm si li se Pè, Fis, Sentespri, pe enpòt sa li ye, “Li avan tout bagay.” “Avan tout bagay ki nan Syèl, sou tè a; vizib, envizib, oubyen pe nenpòt” Pitit Gason Bondye sa te avan tout bagay. Se pa vre? M pa kyè, si se tron, dominasyon, pe enpòt sa l ye a; tron Selès, rwayom, pe enpòt si la ta gran rwayom sinatirèl nan odela, nan Etènite yo kote l te ye a; pe enpòt sa l te ye, Zanj yo, dye, pe enpòt sa l te ye, “ Li te avan tout bagay.” Amèn! Ou pa kapab wè L? “ Li te avan tout bagay; e yo te kreye pa Li. Li...” Disetyèm vèsè a.

*E li avan tout bagay, e pa li tout bagay konstitiye.*

116 Pa gen anyen ki kapab fè sa mache eksepte Li menm. Menm si Bondye Pè a, Bondye Sentespri a; menm si se Zanj yo, prensipote yo, pwisans yo, dominasyon yo; pe enpòt sa li ye, tout bagay mache pa Li. “ Tout bagay konstitiye pa Li.” Li!

*E li se tèt sou kò a, legliz la : ki se kòmansman an-ki se kòmansman an, premye ne pam i mò yo (sètadi, ke I resisite sa li te vin rachte yo); afen ke nan tout bagay li kapab genyen preyeminans.*

117 “Kapab genyen preyeminans,” Ou konn sa I vle di? Se, “anwo tout bagay.” Li tout bagay ki te jamè kreye; chak Zanj, chak kreyati, chak-chak bagay ki la. Li anwo tout bagay. Ki Kreyati sa ye? Kiyès li kapab ye? Anwo tout bagay “ E li te fè lapè...” Ann gade, jis yon minit. Preye...

*Paske I fè Papa a plezi ke nan li tout plenitid la abite;*

118 “Tout plenitid de tout bagay,” Tout plenitid Bondye, tout plenitid zanj yo, tout plenitid tan an, tout plenitid Etènité a, tout bagay abite nan Li. Se Konpanyon sa.

*E, li te fè lapè atravè san li sou kwa, pa li pou rekonsilye tout bagay a li menm; pa li, mwen di, menm si yo se bagay sou tè a, oubyen nan syèl la.*

119 La se gran Kreyati n ap pale de li a, “ Kòmansman kreyasyon Bondye a.”

120 Bon, kounye a ke, Legliz, ke tout objektif Li se te Legliz. Kounye a kijan nou fè antre nan Legliz sa? “ Pa yon Lespri nou tou batize nan yon sèl kò,” legliz la, kò Kris la. Li pa kapab fayi.

121 Bon, men sa ki rive. Kounye a gade sa, jis yon ti imaj figiratif isit la. [ Frè Branham a nouveau montre desen twa ano yo—Ed.]

122 Bon, lòm eksteryè sa se chè a. Se sa ke nou gade; ke nou wè. E gen senk pò koneksyon a kò sa. E nenpòt ki timoun nivo elemantè, tankou m, t ap konnen ke gen senk sans ki kontrole kò a. Se sèl chemen ou genyen pou kò a; vu, gou, touche, odora, lwi; ou wè l, ou goute l, ou santi l...Bon, sa se sa ki move a, sou eksteryè a.

123 Bon, a lenteryè de sa gen yon lespri, ke w devni lè w fèt sou tè a epi souf lavi a soufle rantre nan li. Lespri sa gen yon nati monden paske li pa t soti nan Bondye, men li te (bay) pèmèt pa Bondye. Kounye a ou konprann sa? Paske, chak timoun ki fèt nan mond la, “ fèt nan peche, fòme nan inikite; vini nan mond lan ap bay manti.” Se pa vre? Alò, moun sa, a lenteryè la, se yon pechè, pou kòmanse. Men kounye a...

124 Kounye a, li gen senk pò koneksyon. E senk pò koneksyon sa yo...m pa konn si m kapab nome yo dirèk a lenstan. Lè...premye a, m konnen, se panse, konsyans, e lanmou, chwa...Non. Konsyans, lanmou, rezon...Genyen senk pò koneksyon pou lespri a. Ou pa kapab panse ak kò w; ou oblige panse ak lespri w. Ou pa kapab gen yon konsyans nan kò w. Li pa gen okenn fakilte mantal ditou; kò w pa genyen, donk fòk ou panse ak lespri w. Ou dwe

rezone. Ou pa kapab rezone ak lòm fisik ou a, paske rezon pa kapab wè, goute, touche, santi, oubyen tande. Rezon se sa w kapab fè ak lespri w. Si w ap dòmi oubyen w pati, kò w kouche la mouri, men lespri a kapab kontinye rezone. Genyen senk sans ki kontrole lòm enteryè a. E se...

125 Bon, pou dènyè lòm nan, ki se namn lan, gen jis yon sans ki kontrole I, e se lib... volonté libabit pou chwazi oubyen rejete.

126 E kounye a rezon ke moun yo jodi a... Bon, pa blyie sa kounye a, e w pral- ou pral wè kisa Sen... kisa evidans inisyal Sentespri a ye. Wè?

127 Kounye a, moun kapab viv nan lespri sa, e yo kapab danse nan lespri. Yo kriye nan lespri. Yo ale legliz nan lespri, e yo kapab absoliman genyen vrè Lespri Bondye a ki wenn lespri sa, men malgre tou rete pèdi e osi posede pa demon ke I posib, avèk lespri sa.

128 Paske, gade, sa se rezon ke w pa t kapab di fi sa, li t ap pote bout chòt la, te antò. Ou pa t kapab di I ke koupe cheve I pa bon. "Ebyen, kisa cheve w arevwa ladan I?" Ebyen, li te genyen pou Samson. Wè?

129 "kèlkeswa moun ki va ajoute yon Mo sou Li, oubyen retire yon Mo ladan I." Ou dwe gen yon pwen final kèk kote.

130 Bon, pa egzanp, si m te yon-yon-yon nonm Batis, e w vini epi di m ke m dwe-m dwe batize nan Non Jezi Kris; li nan Bib la. Ebyen, premye sa w konnen, m t ap di, "M pral mande pastè m."

131 E m ale jwenn pastè a; li di, "O, sa se yon bagay pase lwen, wè. Wi, ou wè, nou menm Batis yo, men sa nou kwè, nou kwè ke nou dwe imèse nan apelasyon de 'Pè, Fis, sentespri.' Se fason ke tout legliz la te fè I. Depi John Smith te fonde I, se fason I te fèt." Ebyen, sa se pwen final ou. "Ki mele w sa misye sa di!"

132 E si w se yon Metodis, e aspèsyon se sistèm ou, e w aprann ke w dwe imèse? Ou wè sa m vle di a? Ou tounen al jwenn pastè Metodis la, e I ta pral ekri epi mande evèk la, si *entèl-entèl* te di *sesi-sela* sou sa. "Men nou, legliz Metodis la, nou te fonde desan a twasan lane pase, nan Langletè, pa John Wesley, e Whitefield, e tout rès yo menm laba a, nan Asbury. Nou fonde dokiman sa, an swivan John Wesley, ke nou sipoze aspèje, paske se jis yon emo... fòm ekstèryè. E nou panse ke aspèsyon toutosi bon ke lòt fason an." Si w se yon vrè... Si leglis Metodis se pwen final ou, ou pa p rive pi lwen.

133 Si w se yon katolik...E m pral di w, sa pa ekri nan Bib la pou pa manje vyann lè vandredi, e tout bagay sa yo konsa, e " Lekaristi se pa yon pen sèk, paske se yon Lespri," Elatriye. E w ale jwenn prêt ou a, prêt la di, "Isit la li ekri dwat nan dokiman nou an." E si legliz se pwen final ou, ou pa kyè yon ti kras de sa nenpòt moun ka di. Se pwen final ou.

134 O Bondye, ede sa plonje andedan! Pou mwen, bagay la an antye enkòrèk. Pawòl bondye se pwen final la. Kèlkeswa sa Pawòl la di, alò se kòrèk.

135 Bon, sèl fason anwo isit la nan ano sa yo, ke w kapab jamè antre nan ti lòm enteryè sa; fòk ou predestine. Paske w te avèk Bondye, ou se yon pati de Bondye.

136 M te nan papa m. M te egalman nan granpapa m, e nan granpapa granpapa m. Pa semans, m te ladan l.

137 E m te nan Kris. Ou te nan Kris avan fondasyon mond la. Li te vini pou rachte moun pa Li yo, moun pa L yo te nan Li. Alelouya! Pitit li yo ki te nan Li!

138 Li pa t janm vini pou-pou sove pitit dyab la. Yo pa p janm konnen L. E yo tèlman rize nan fason aprantisaj entelekyèl yo a, ke w pa kapab konpare avèk yo ditou. Ou pa kapab fèmen bouch yo. Men, pa lafwa ou wè L.

139 Bon, lisyans pa bezwen okenn lafwa. Lisyans prouve de sa y ap pale a. Li pa bezwe lafwa.

140 Prèt Katolik la pral di w, " Gade depi ki lè legliz Katolik te leve. Gade konbyen tan li kanpe anba pèsekisyon paganis."

Legliz Metodis la di, "Gade isit la konbyen tan..."

141 Mwen te wè yon legliz...pale de siy ipokrit; pandan m t ap vini sou rout la ayè, m te wè sa. Te di, " Legliz Kris la, etabli A.D. 33 (anno domini- nòt editè a)." Li pako menm gen san tan, wè, denominasyon an. Olala! "Doktrin apot yo"? Difisilman gen kwakseswa. Yo se Sadiseyen jodi yo, san Lespri, san...E w pa kapab di yo, ou pa kapab pale avè yo; ou pa kapab rezone avèk yo.

142 Paske, nou ale pi lwen ke rezonman. " Pa fye w a entèlijans ou." Lafwa pa rezone ditou. Lafwa kwè L.

143 Yo di, "Bon, gade isit la, ou kwè ke nou oblige fè bagay sa yo laba a? Sa pa gen sans! Se..."

144 Men Bib la te di sa. M pa kapab eksplike kijan I rive. Bondye di sa. Alò w pa bezwen...M pa kapab di w anyen sou sa. Lafwa pa eksplike L. Èske w te konn sa? Lafwa jis kwè L.

145 Jezi te di a Nikodèm, depi San-...konsèy ekimenik nan jou Li a, li vin jwenn Li nan nwit, te di, " Gran Mèt, nou konnen W se yon Anseyan ki vini de Bondye, paske okenn lòm pa kapab fè bagay Ou fè yo, sof si Bondye avèk Li."

146 Li te di, "An verite, mwen di w, 'eksepte yon moun ne de novo, li pa kapab menm wè Rwayom Bondye a."

147 Te di, "Mwen, yon vyeyòm, rantre nan vant manman m, pou m refèt?"

148 Li te di, "Kounye a kijan m pral fè di w bagay Selès yo, lè ke w pa menm kwè bagay terès yo?" Wè?

149 Apre Li te di, yon jou, "Eksepte w manje chè Ptit Lòm nan, bwè San L, ou pa gen Lavi nan ou." Li pa t eksplike l.

150 Apot sa yo e yo menm nan jou sa, ki te destine a Lavi; Li te konn sa. Te di, "Tout sa Papa a te ban M yo ap vini. Sèl sa M gen pou fè, se fè konèt vwa M; yo konnen L, paske brebi M yo konn vwa M". E yon vwa se yon mo eksprime. [Espas vid sou band la—Ed.] " Yo kwè L, malgre tou. Yo pa bezwen prouve syantifikman anyen, oubyen mande okenn Sadiseyen oubyen Farizyen, oubyen anyen dot, sou li. Mwen di l, yo kwè l, paske brebi M yo konn vwa M."

151 Epi Sa a se Vwa Bondye sou fòm lèt, paske Sa a se revelasyon Jezikris an antye, Ansyen ak Nouvo Testaman ansanm. Amèn. Men li.

152 Poukisa? Nou di: "Sa se moun de byen. Kisa ki fè yo..." Akoz de yon bagay, poto datach yo, se yon legliz. Epi isit la... Nou sonje Dimanch pase, on semèn de sa; konbyen ki te isit epi ki tandé predikasyon mwen sou *Sila Yo Ki Wen Nan Dènye Jou Yo?* M panse ke nou tout te la a. Wè, yo wen. Lespri yo wen, nan dezyèm dimansyon sa a.

153 Kounye a, premye fanm lan di...Non, kite mele l sa legliz la di, sa lòt moun di. Li son entelijan. L ale inivèsite. Li ka fè sa an kachèt de mari l, alò li panse ke li trè entelijan.

154 Lòt fann sa a li "toutouni, avèg, epi li pa konn sa." Oh, sa a tris, men sa se imaj ke Bib la ban nou. Poutan, li ale legliz. Fanm sa a, li tap pwobableman pi bon, fanm sa a tap... Lap mennen on bon vi, pwòp; pa gen anyen pou di kont sa. Se Bondye ki pral Jij de sa. M pa konnen; se pa mwen ki Jij la.

155 Mwen sèlman... responsab de sa Li montre m. Se sa apot yo di. "Nou di sa nou konnen, sa nou tandé, sa nou wè." Se sa sèlman mwen responsab. Se sa sèlman nou responsab.

156 Men kounye a, nou wè, si nou pran fanm sa a... Ki kote li abouti finalman? Wè? Li inyore sa. Li tande, pa gen dout; li limen radyo a, anpil fwa. Vwa Bondye te pale, souvan. Ebyen, kounye a, wè, li vin nan sèkt sa isit la, on klan. Tout legliz yo se klan. Tout, se egzakteman sa, se jis klib yo ye kote moun regwoupe ansanm antan ke manm. Epi li vin la a; epi sa ale avè l parfètman. Kounye a, si ou komanse di l kisa pou l fè, li pap tande w. Ou montre l nan Bib la, li pap tande L.

157 Kounye a, byenneme frè, sè, jis youn ou de kòmantè de plis anvan m fini. Li mwennka, lè pou m kite nou ale; kenz minit.

158 Kounye a gade, m vle mande nou on bagay. Poukisa fanm sa a pa ka wè l? Poukisa li pa kapab? Pou sa ki on adiltè fizik, anvè mari l, li pa koupab; li pa gen anyen pou konfese. Li pwòp menm jan ke jou li te fèt; okenn nèg manyen li.

159 Map fon paralèl la a, ant fanm lan epi legliz la. Li osi pwòp ke lè l te fèt. Eben, legliz la egzakteman nan eta sa a, sèlman li "fèt nan peche, fòme nan inikite, vini..." Nou wè sa m vle di?

160 Kounye a di l ke li pa bon pou li koupe cheve l; Bib la di sa. Li pa bon pou li mete bout pantalon sa yo; Bib la di sa. Lap reponn ou: "Se foli." Poukisa? Absoli li pa andedan isit la, nan twazyèm òm sa a, nanm ki predestine a epi ki voye pa Bondye. Men absoli li nan yon òganizasyon isit la, ke yon moun òganize andeyò de Sa. Wè?

161 Men si Pawòl Bondye a nan nanm sa a, li di: "Amèn! Mwen wè l." Li konfòme avè L. Kounye a gade la. Se poutèt sa, òm lan ki ne de Lespri Bondye a...

162 Wè, *isit* la se kò ekstèryè a. Epi map pale devan on oditwa melanje, m pral pale kòm-kòm pastè nou, kòm frè nou. *Isit* la se kò a, li fèb, li oblige... On ti dam ap mache nan lari; on jèn gason nan jèn laj li, li gen disèt, dizwit, ventan, vennsenk, trantan, lap pwòmennen la a... Epi jèn dam sa a ap vini, ap vire tout fòm kò li, ap mache avèk on pè soulye talon wo; lap montre devan dèyè l; epi ròb li rive anlè jenou l, oubyen on pè pantalon sou li. Èske nou konnen ke Bib la di, ke li ta pral aji konsa? Nou konnen, Bib la di ke se konsa li ta pral aji, ke li tap sanwont konsa.

163 Èske nou li sa la a, nan *Reader's Digest* mwa sa a, ke "Lèzòm epi fanm jodi a, ti fi yo, apati de ven ou vennsenkan, yo gen menopoz yo", ke ou rive laj mi, selon la syans, ant ven e vennsenkan. Nan tan pa mwen, se te vè trant ou trannsenkan. Epòk manman m, on dam pat janm te gen menopoz li anvan karant ou karannsenkan.

164 Kisa l ye? Se akòz de la syans, e de manje a, aliman ibrid yo, ke tout kò imen a pèvèti jiskaske nou tounen on mas koripsyon. Ebyen, si kò fizik la koronpi, èske selil nan sèvo sa pa nan kò fizik sa a?

165 Kounye a, gade Espri a kap swiv li. Ap rive on lè, nan Non Seyè a, kote moun yo pral vin fou nèt. Bib la di sa. Yo pral kriye epi rele; avèk gwo bagay orib nan imajinasyon espri yo. Radyo yo epi bagay yo, pwogram televizyon nou yo, ap pwodui sa. Pral gen bagay tèl ke dè foumi sou latè ki pral leve, kap osi wo de katòz pyebwa; pral gon-on-on zwazo ki pral vole sou latè a, avèk zèl de 6 ou 8 km de dyamèt; epi moun yo pral wè sa, yo pral kriye epi rele, epi yo pral mande mizerikòd. Men se pral Kalamite yo. Tann ke mwen preche sou ouvèti Kalamite sa yo.

166 Gade sa Moyiz fè nan domèn fizik la, pa Lespri a, lè li di: "Moyiz..." Bondye di Moyiz: "Ale lòt bò a," a pwofèt Li, "ranmase on pwaye pousyè, voye l anlè epi di: 'ENSI DI SEYÈ A, pis pral vini sou latè a.'" Pat gen pis. Premye bagay ou konnen, yo kòmanse wè on bagay kap ranpe sou yon touf bwa. Yo gade lòt kote, epi men ankò. E apre on sèten tan, tèlman te genyen ke ou pat ka menm rive mache ladann.

167 Kote yo te soti? Bondye se Kreyatè a. Li ka fè sa L vle. Li se souveren. Li ka fè on-on zwazo ki gen zèl ki sot on kote de latè rive nan lòt kote.

168 Li di: "Kite gen mouch kap kouvri tout latè a." Pat gon grenn mouch nan peyi a. Premye bagay ou konnen, nou wè on mouch ble vole. Dabò, te gen uit, dis, douz. Premye bagay ou konnen, ou pat ka mache atravè yo. Bondye, Kreyatè a, kenbe Pawòl Li.

169 Epi li tann baton li, sou lòd Bondye, epi li di: "Se pou grenouy parèt epi kouvri latè a." Epi grenouy yo vini jiskaske yo antase yo, fè pil, epi move sant toupatou, petèt karant ou senkant pye de wo, grenouy. Yo te nan-nan plaka Farawon. Yo te nan... leve dra a, epi te gen senksan grenouy anba dra a, anba kabann lan, nan manje a. Tout kote yo ale, te gen grenouy, grenouy, grenouy. Kote yo te soti? Bondye, Kreyatè a, Li souveren. Sa Li di, Lap fè !!

170 Epi Li di ke pral gen bagay orib sou latè a. "Sotrèl ak cheve tankou fanm," cheve long, pou toumante fanm yo ki koupe cheve yo. "Dan tankou Lyon; flèch nan ke yo, tankou eskòpyon; yo pral toumante lèzòm pandan dè mwa." Jis tann ke nou louvri Kalamite sa yo epi So yo, epi Sèt Tonè sa yo, gade sa ki rive. Oh, frè, ou ta fè pi byen ale Goshen pandan gen tan pou ale Goshen. Pa fè atansyon a sa kap pase deyò isit.

171 Gade la a. Men on ti dam kap vire kò l nan lari; men on jèn gason, je l wè sa. Li son manm legliz. Li son Pannkotis. Sa li ye a se sa. Men premye bagay ou konnen, pa gen poto datach andedan la a. Lap di: "Alo." Li gen cheve boukle, on bèl jèn gason ki gen zepòl byen dwat;

petèt ke li eseye viv kòrèkteman. Li kòmanse ap mache vè limenm, li te ka menm on predikatè. Premye bagay ou konnen...

172 Kisa l ye? Sa a, *isit la*, dezi chanèl; e poutan espri a, la a andedan, li wen, epi li di l: "Pa fè li, pa fè li." Men kisa li pral fè. Li pap kenbe kont, lap lage kò l nan pyèj la, epi men. Premye bagay ou konnen, lap eseye gon randevou avè l. Li koupab li komèt on adiltè, ke li manyen l ou non.

173 Men, on veritab pitit gason Bondye, ne de nouvo! Amèn! Ou pa ka fè l poukont ou. Li totalman enposib pou on-on nèg an plenn fòm, pou pase devan on fi konsa san ke on bagay pase. Men lè gon Bagay andedan an; ti Bagay ne de nouvo sa *la a!*

174 Byen ke nèg sa te ka kriye, pale an lang, sote, danse, tout rès la, wen de Lespri; li fè tout siy yo epi mirak yo ke Bondye pwomèt andedan la a, pa Lespri Li! Jezi di: "Lè jou sa a va rive, anpil moun va di M: 'Seyè, èske mwen pa pwofetize nan Non W? Èske m pa chase demon nan Non W? Èske m pa...'" Li di: "'Wete kò nou sou Mwen, nou menm kap komèt inikite.'" Kisa ki inikite? Se lè ou konnen kisa pou fè epi ou pa fè l. "'Wete kò nou sou Mwen, nou menm kap komèt inikite; Mwen pat janm konnen nou.'"

175 Men andedan nèg sa a, si ti atach sa la a, semans Bondye sa ki te predestine anvan fondasyon mond lan; pe enpòt sak rive, lap kenbe l. Li la pou rete.

176 Se poutèt sa fanm sa pral pote bout pantalon sa yo. Li konsidere kòm on pwostitye, menm jan ak fanm lan ki komèt ak la. Wè? Li pa konn espri sa a... Kijan li konnen? Absoli li.

177 Kisa k on absoli? Se dènye mo a. Absoli a se amèn la. Se lafen de tout kerèl, absoli w.

178 Epi si egliz ou, on legliz Pannkotis, di nou ke "Cheve long epi tou sa, se jis fanatis. Ou gon wou de sekou, dèyè tèt ou," e ensidswit, jan de bagay sa yo, lòm lan posede pa dyab la.

179 Paske, Pawòl Bondye a di: "Son wont pou on dam koupe cheve li. Lap dezonore chèf li." Si li dezonore mari li, epi mari li se Legliz la, epi Legliz la se Kris, li son pwostitye relije dezonore; toutouni epi li pa konn sa. Toutouni! Èske Bib la pa di ke: "Vwal dam lan, se cheve li?" Èske cheve li pat bay kòm vwal?

180 On jou, lòt bò a, nan Tribunal Jijman an! M eseye vèse Remèd la, epi kenbe L ak men mwen, epi nou rekrache li dirèkteman ant dwèt nou. Bondye pral jije yo on jou. Sa se ENSI DI SEYÈ A". Se pat on bann estipidite, ni on espès de vye gramoun fou ki nan tout eta li. Se pa sa. Paske se Pawòl Seyè a.

181 Epi on veritab, otantik Kretyen pral aliye I sou moun enteryè sa a, sou Lespri sa ki te lòt bò a nan kòmansman an, ki se Pawòl la.

182 Kòm Limenm Li te plenitid nou tout, nou te an Li lòt bò a nan Kalvè. Li te konnen davans ke nou tap la a. Li jis montre sak ta pral pase. Epi ou te an Li; ou mouri avè L. Ou mouri a ògèy ou, ou mouri a mòd ou yo, ou mouri a mond lan. Lè Li... Ou mouri avè L nan Kalvè, epi ou resiste avè L lè Li resiste twazyèm jou a. Epi paske ou aksepte Li, kounye a ou chita nan lye Selès an Kris Jezi. Alelouya!

183 Men li. Se òm enteryè sa a. Enteryè sa a ki pral ponktye Pawòl la, ki akwoche I a Pawòl la, kèlkeswa sak rive. Ou pa ka fè anyen. M aprann sa, plizyè ane de sa.

184 Ti bebe mwen te la a ap mouri. Madanm mwen te la a, nan... nan-nan mòg la, anbome epi alonje. Yo rele m lòt bò a, epi Sharon tap mouri. Se tantasyon ki pi di ke m rankontre nan vi m. M te gen anviwon vennsenkan. M ale lòt bò a, epi Billy Pòl te prèske mouri.

185 Doktè Sam vini, li di: "Bill, m pa kwè ke nap ka sove Billy. Epi mwen..." Li di: "Li pa bon ditou." Li di: "Bill, m tèlman dezole pou ou." Li mete bra I otou mwen.

Mwen di: "Dòk, m pa gen fòs ankò."

186 Kèk lè pita, mwen rele I; bebe m, Sharon. M te mennen I lòt bò a an vitès, li... m wè I ap fè spasm, san rete. Yo mete on zegwi nan kolòn vètebral la; yo ponktye li, yo fon analiz: menenjit tibèkiloz. Se tou.

187 M dirije m vè lopital la, mwen kanpe vye kamyon m lòt bò a, m desann, epi m kòmanse mache jiska chanm lan. Sam rive nan koulwa a, chapo I nan men I, li tap kriye, li pran m nan bra li epi li di m: "Tounen, Bill."

Mwen di: "Kisa k genyen?"

Li di: "Ou pa ka wè I." Li di: "Lap mouri, Bill."

Epi mwen di: "Non, Sam, pa bebe mwen."

188 Li di: "Wi." Li di: "Pa menm mande pou li, Bill. Si I ta viv, li di: "lap gen sekèl." Li di: "lap rete andikape, epi lap toujou gen sekèl tout vi li." Li di: "Li gen menenjit." Li di: "Pa apwoche de li, wap-wap jis touye Billy, si w fè sa."

Mwen di: "Sam, fòk mwen wè li."

189 Li di: "Ou pa ka fè I, Bill. Mwen-mwen defann ou li. Kounye a, ou konnen kijan m gen estim pou ou, epi ou se zanmi m e tou," li di: "m gen anpil estim pou ou," li di: "epi konbyen

mwen kwè w, Bill,” li di: “men pa-pa al vè bebe sa a.” Li di: “Si w fè sa,... Menenjit la sou li.” Wè? Li di: “Li prap pati nan kèk minit, epi,” li di: “Ou ka... nap antere li.” Li di: “Bill, m tèlman dezole pou ou.”

190 Epi li rele on enfimyè pou l ka preskri m on jan de medikaman. Li di: “M pa konnen kijan nonm sa a fè kanpe toujou.”

191 Mwen rete la a on ti moman. Li fè pote medikaman yo. M chita, nan koulwa a. Li di: “Chita.” Epi enfimyè a pote li, epi li di: “Bwè sa, Frè Branham.”

192 Mwen di: “Mèsi. Jis depoze l la a on minit.” Lè l ale, mwen vèse l nan krachwa a, epi mwen repoze vè a.

193 M te chita la a. M panse: “Oh Bondye, kisa mwen fè? Ou son Bondye ki bon. Poukisa Ou kite l mouri, lòt jou a, pandan ke m tap kenbe de ti bra l konsa?” M tap sipliye L pou li. “Poukisa Ou kite pati? Billy lonje la a, ap mouri, epi men li limenm tou, la a, ap mouri. Kisa mwen fè? Di m! Eben, m te ka jis tou ale avè yo.”

194 M te louvri pòt la, epi yon enfimyè te la a. M te glise desann nan sousòl la. Se te anvan lopital la te ranje. Moustikè, pat gen moustikè nan fenèt yo, apèn, epi mouch sou ti je l yo. Te g on moso filè moustikè, nou rele l, ke yo mete sou figi l. M te chase mouch yo; m te lonje la a. Ti je l yo, li tèlman tap soufri ke l tap louche.

195 Alò Satan deplase vin sou kote m la a, epi l di: “Èske w te di ke Li t on bon Bondye?”

M di: “Wi, m di sa.”

196 Èske w te di ke Li t on Gerisè? Ebyen, poukisa papa w te mouri nan bra w lòtbò la a, epi oumenm kap rele, limenm on pechè, ap reklame lavi l? Poukisa frè w la te mouri nan bra lòt frè w lan, deyò la a, alò ke oumenm te kanpe nan lestrad la ap preche, kèk semèn de sa?” Li di: “Alò poukisa Li pat reponn ou? Ou te di Li te renemen w epi Li te sove w.”

197 Li pat ka di m ke pat gen Bondye, paske m te deja wè Li. Men l tap di m Li pat sou bò m.

198 Li di: “Men madam ou lonje la a. Bebe w yo pral la a trè byento. Papa w antere. Frè w antere. Epi madam ou pral antere kounye a, demen. E men lot bebe w la, ap mouri. Li s on bon Bondye? Hein? Li s on Gerisè?” Li di: “Ou ridikilize tèt ou!”

199 Kisa l te fè? Depi...li tap travay depi sou deyò a kounye a, premye nonm sa a.

200 Li di: "Kounye a gade. Ou konnen, lè w te, gen kèk ane de sa, apeprè de ou twa zan de sa, anvan w te aksepte Sa, ou te byen konsidere nan mitan moun yo. Ou te viv yon lavi pwòp. Nenpòt fi nan vil la, ki ta vle soti, soti avè w, paske yo te santi yo pwòp epi desan." M te ka kanpe devan nenpòt nan yo. M pat janm joure youn, pat janm di anyen. Li menm aji an entèlijan, m tap mennen I lakay li. "E yo te renmenm w nan mitan moun yo. Men kisa w ye kounye a? Yon fanatic relije."

201 "Se vre. Se sa m te ye." Ou wè bagay sa yo kòmanse bouje ansanm? Deyò a, ap rezone nan lespri, ap bouje bagay sa yo ansanm. "Se vre, Satan."

"E èske w te di L s on Gerisè?"

"Wi. wi-wi."

202 "E oumenm kap siplie epi kriye, e moun yo kap di w se pat sa, ke nou tout soti nan liy lan. Pwòp legliz ou rejte w, pou Sa. Pwòp legliz Batis ou anba la a, mete w deyò nan pòt la, pou menm kòz sa menm."

"Ya."

203 "Papa w antere. Frè w antere. Madanm ou ap lonje la a, pou yo antere I. Men bebe w lan, ankò kenz minit epi I ap pati. E L s on Gerisè? Pwòp chè w ak san w; yon sèl Pawòl de Li tap sove lavi bebe a. 'Li s on Gerisè,' ou te di. Moun yo te eseye pale w. Predikatè a te di w ou te nan bwouyay nèt; ou te tou fou; ou te vin yon fanatic relije. Epi w te di, Li te renmen w. Èske L te ka renmen w?

204 "E kijan w te kriye pou papa w! Kijan, nwit apre nwit, ou te jene, e lè w...nan lajounen, lè w te dwe priye, monte sou on poto, pou travay. Epi lè L kite I mouri nan bra w, yon pechè.

205 "Kijan madanm ou, ala on madanm admirab I te ye, e pou jan w te renmen l!" Manman Billy; anpil nan nou sonje Hope. "Ala on fi debyen li te ye! Pou jan kè n te kontan, ti kay ou lòtbò la a; ak apeprè dè mèb ki vo sèt oswa uit dola, sa nou te gen kòm mèb, men poutan ou te renmen l; e nou...e nou te renmen youn lòt. Epi w t ale epi w te priye pou lòt yo; e, kèk emozyon mantal, yo te leve epi te mache ale epi te di yo te trè byen. Men kounye a pwòp mandanm ou; e men li, mouri, dezyèm jou kounye a, ap lonje nan etablisman ponp finèb la anba laba a, Scott ak Combs. Li s on Gerisè? Hein?

206 "E ti gason w lan nan pwen pou I mouri, Billy Paul, dizui mwa. E ti fi w lan, a ui mwa, lonje la a, ap mouri, ak menenjit. E w te fèk lapriyè; e Bondye te rale desann on dra, te di: 'Pe bouch ou!' Li pa tandé, Li pap tandé w, ditou! Li te vire do L ba ou. Li s on bon Bondye? Hein?

Li renmen w? E tout fi ke ou janm frekante, tout gason ou te janm frekante, meyè zanmi w menm, yo te elwaye de ou kòm yon fanatic relije.”

207 Tout sa l tap di m se te verite. Tout sa l tap di, li te parfètman lojik, ou wè, *isi a*. M te alò pare pou m di: “Alò mwen, si se fason Li dwe aji, alò m pap sèvi L.”

208 Jis lè m di sa, te gon Bagay ki te sot on lòt kote, toutofon mwenmenm. Li di: “Kimoun ou ye, pou kòmanse? Seyè a bay, e Seyè a retire.” Ou wè, sa se nonm andedan sa a, li pa rezone ditou.

209 M gade dèyè, epi m panse: “Kijan te fè rive sou latè? M sot de on bann tafyatè. Kijan m fè rive *isi a*? Kimoun ki ban m lavi? Kimoun ki ban m madanm sa a? Kimoun ki ban m bebe sa a? Ki kote madanm mwen soti? Ki kote lavi m soti?” M di: “Menm si L touye m, m ap fè L konfyans kanmenm.”

M di: “Rale kò w sou mwen, Satan!”

210 M poze menm m sou bebe a. M di: “Sharon, cheri, m ap depoze w sou bra manman w nan kèk minit, lè Zanj Bondye yo pral vin pran w, men on jou papa pral wè w ankò. M pa konn kijan sa pral fèt, cheri. M pa ka di w kijan; la a, Li vire do L ban mwen, Li pap menm vle tande m pou ou.”

211 Li kite madanm mwen mouri, pandan ke m tap kenbe l nan men m, ap kriye pou li. Epi papa m, nan bra m, te mouri nan bra sa a *isi a* menm; li tap gade m, ap eseye pran souf li. Epi m te priye ak tout fòs m te kapab. Kijan m ta ka fè fas a biblik la ankò, pou preche gerizon Divin? Kijan m ta ka preche ke Li on bon Bondye, epi kite pwòp papa m mouri, yon pechè? Kijan m ta ka preche sa? M pa konn kijan, men m konnen L gen rezon.

212 Pawòl Bondye a pap janm fayi. L ap triyonfe, kèlkeswa sa l ye. Lè sa a m te konnen te g On Bagay anndan tout rezònman, Yon Bagay anndan tout emosyon, tout lòt bagay kon sa. Te g on Nonm andedan ki te kenbe nan lè sa a. Anyen lòt pat ka fè l; tout rezon, yo te ka montre tout bagay, tout bagay te ka pwouve ke Sa pat bon, e m te nan lerè. Men Pawòl Bondye a, ki te predestine anvan fondasyon mond lan, te kenbe andedan an.

213 M santi yon ti Van ki travèse batiman an. Lespri l t al rankontre Bondye.

214 Frè, sè, kite m di nou, Sa se sèl bagay la. Pa eseye rezone Li. Pa eseye gen cheve long paske m te di sa. Pa eseye fè bagay sa yo jis, paske, nan chè nou. Pa eseye fè l, jis pou ou a la otè. Men jis tann devan Seyè a, jiskaske On Bagay desann andedan an!

215 Anpil nan nou panse, paske nou gen cheve long, sa vle di nou pral nan Syèl. Sa pa vle di sa. Anpil nan yo panse, paske nou s on bon fanm moral, nou pral...?...Li pa vle di sa. Anpil nan yo panse, paske legliz yo, epi fè pati de sa, ak gran gwoup sa yo, ak gran doktè Divinite. Sa pa vle di sa. Ou wè?

216 Anpil panse, paske yo pale an lang, yo gen Sentespri a. Sa pa vle di sa. Menm si, Sentespri a pale an lang. Men jiskaske veritab, otantik Sentespri sa a anndan la a, ap adapte avèk chak Pawòl! Si Sentespri sa a nan ou, ki fè w pale an lang, gade dèyè la a epi pa dakò avèk rès Pawòl la, alò se move lespri a. Ou wè?

217 Li dwe soti de anndan, ki se Pawòl la, depi nan kòmansman. "Nan kòmansman kreyasyon Bondye a," lè Bondye kòmanse kreye, mennen w nan egzistans, nou wè. Ou te kòmanse anvan la a kòm yon semans, epi ou te travay jiske nan kote w ye kounye a. E, lè sa a, nou tout te nan Kris. E lè sa a lè Kris te mouri, Li te mouri pou rachte nou tout. E nou s on pati nan Pawòl sa a, e kijan ka...Bib la, tout Sa! "Presèp sou presèp, liy sou liy; on tikal isi a, on tikal la a." "Pa on yota oswa on ti pwen va echwe." Kijan donk ou ta ka, antan ke pati Pawòl sa a, pa dakò ak rès nan Li, oswa nenpòt pati nan Li?

218 Bondye beni nou. M depase tan an kounye a. M pat vle fè sa, kenbe nou lontan konsa. Dezole ke m te kenbe nou; m pa dezole pou sa m di.

Nou dirèkteman nan fen on bagay, zanmi.

219 Nou tout isi a, m sipoze, nou tout manm de legliz sa. M pa souvan isi a, pou m konnen kiyès ki manm yo. M imagine ke nou tout se moun ki vini regilye isi a. Kite m di nou on bagay ki te rive. Èske n ap bay, annou di, sis minit an plis? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

220 Èske se Reveran Mesye O. Walker isi a ki sot Oregon, ki te isi a dimanch sa a ke m te isi a? Èske gen moun ki tandem pale de sa? Se te on bagay ekstraòdinè, etranj.

221 M desann isi a, te gen tèlman anpil moun anndan an, mwen—mwen te gen...M te g on pil entèvyou, e chak nan yo te vo lapèn; pitit gason yo, pitit, marye, tafyatè, epi—epi diferan bagay, epi jis dè bagay ki te vo lapèn. Chak nan yo m te dwe wè. Men mwen pat ka fè tout sa. E m remèt nou bay Bondye, epi m kenbe men m sou yo, nan priyè. M di: "O Bondye, m—m pat ka fè l. Manyen yo, Seyè, fè.. Ou konn kijan pou fè l. M priye pou chak moun."

222 Billy te rele m. E m jis antre ak Frè Banks. Li di: "Papa, si w..."

223 Epi, gade, m wè pafwa moun kap pase pa la an machin, nan lari a, ap gade andedan an. Epi m gade yo, epi voye men ba yo kon sa, epi yo—yo prèske vire tèt yo. M pa vle nou fè sa.

224 Lòt jou a lè yo tap achte plas sa la a nan Tucson pou m viv ladann, Frè Tony te g on plas anwo la a ke li te vle achte pou mwen, pou apeprè twa ou kat fwa sa plas sa a koute. Li te menm vle mete tan kantite milye dola sou li, limenm. Men sèl fason w rive anndan la a, yon pòtye t ap kanpe deyò la a. On gran ...Ebyen, s on anèks anwo la a. Men nenpòt... Moun sa yo ki viv la a, dwe g on pèmisyon ekri, apresa pòtye sa a rele w epi wè si se kòrèk pou yo antre.

225 M te di: "Èske w te ka imagine, mwenmen, frè m ak sè m yo ki vin wè mwen, ki vle ban m lanmen epi mande benediksyon Bondye yo pou mwen, èske w te ka majine m ki mete tèt mwen anndan la a, Tony?"

Te di: "Ebyen, ou gen..."

226 M di: "Tony, fason legliz la ak yo tout fè moun yo pa vin la a," m di: "sa se pou moun ki gen tout bagay yo vle m fè."

227 Yo, yo di: "Ebyen, Seyè a te di m. Alelouya! M pral rete isi a menm. Glwa pou Bondye! Seyè a te di m ou dwe f on reyinyon bò isi a nan gwoup nou an. Wi, mesye, glwa pou Bondye! Bondye a te di m sa. Si w pa fè I, Frè Branham, ou retwograde sèten." Mwenmenm anndan la a k ap eseye etidye, ou wè. Se sa, ou wè. E anpil bon moun fè yo bat yo, nan vini anndan an, poutèt sa.

228 Jis tankou yon nonm ki pral chase deyò isi a nan yon fèm. Yon fèmye di: "Vin anndan an. Ou ka chase." Epi w soti la a epi tire youn nan vach li yo; yon lapen kouri anba vach la, epi jis tire lapen an, kanmenm. Ou monte sou kloti a, pase pou al nan poto a epi grenpe sou li tankou yon nonm desan ta dwe fè; grenpe sou kloti a epi kraze I atè kon sa. Ou wè? Epi apre I ap di: "M pral afiche plas la!" M pa—m pa blame I pou on tikras, pa on tikras. Ebyen, kisa I fè? Li anpeche chasè desan an antre. Se toujou fason sa a. Se move an ki anpeche pou byen an gen avantaj/pou byen an domine. Se toujou sa.

229 Kounye a, men sa yo se, dè milye se dè moun ki vrèman nan bezwen epi debyen, dè moun emab, ranpli ak gras Bondye.

230 Kounye a nou gen sa, kijan moun sa yo vini kon sa. Nou pa, nou pa vle sa, non.

Men nonm sa a vini...

231 Billy te di: "Kouri desann kounye a, byen rapid, papa." Te di: "Mesye Waldorf anba isi a ak kèk moun k ap mouri; dwe wè yo touswit." Epi m kouri antre; desann isi a.

232 E nan tounen, yo te di: "Pa gen pèsòn anba isi a ke yon nonm kap dòmi sou yon bò bò a, deyò la a, sou on zòrye chak jou, sou bò bildin lan." Te di: "Li vle w priye pou li."

M di: "Trè byen." Di: "M ap mete I anndan an." M t antre.

233 Te gen, m panse, yon Kadilak ki chita dèyè isi a nan dèyè a, oswa kèk jan de gwo machin. M te monte anndan, te...E nonm sa a te di: "Kijan w ye." Li pat konnen m.

234 Epi m te mache antre. E Sè Waldorf, pòv vye bagay, t antre. Nou konnen, li te...

235 Nou konn ka I la, pa vre? Ou wè. li te gen kansè; te mouri nan liy priyè a, anviwon inèdtan anvan m te rive jwenn li. Doktè I la vini, te montre... Sa te fè apeprè dizuitan de sa, kansè nan kè, ou wè, e I ap viv jodi a. E I ap viv anba nan Arkansas kounye a.

236 E li te nan Phoenix, lè sa a. E I te di: "Frè Willie, m te rayi antre kon sa, men," di: "m pat g okenn kote pou m rete. Yo te fè... Yo te di pa- sa a...madanm sa a pral mouri. O, Frè Willie!"

237 Te di: "M te vle pote yon ti ofrann nan men m pou ou, Frè Willie," di: "men m pat ka fè I. Men m te mete enpe jele mi nan konsèv."

238 O, lè m te monte la a epi m te wè ti vè jele li te mete chita la a, mwen...li te parèt twò sakre pou m manje. Ou wè? Chè vye ti madanm sa a, apeprè swasanndis an. M te di: "Sè Hattie..." Mwen—m pat ka di non. Non. Jezi te wè vèv sa a k ap mete twa santim, e Li—Li—Li kite I frankil. Ou wè? Non. Bondye pral rekonzanse I pou sa. Ya.

239 E kidonk Seyè a te geri madanm lan, te geri tout sa I te genyen, te revele pastè I la kisa li, li, te gen nan lespri I, kisa I te sipoze fè, yon lòt bagay. Epi, o, yo tout te soti, ap rele.

240 Apresa Billy kouri antre. Li te di: "Papa, mesye sa pati/mouri. M pa ka..."

M di: "Kimoun sa a deyò la a nan machin lan?"

241 "O," li di: "kèk mesye desann sot Oregon, te di I gen kèk kalite rèv. Epi m te di I: 'M pa tap ba w okenn fo lespwa. Gen twasan isi a, k ap tann kounye a.'" E te di: "E m te di I: 'Jis ekri rèv la.' Di: 'M g on pil nan yo anndan isi a, *men* wotè, toutjan, e m jis ajoute I nan li.'"

M di: "Fè I antre. Ba I senk minit."

242 Ebyen, osito nonm lan te mache antre, senk minit? Li te di: "M se Reveran Walker," m panse non I te ye, "sot Oregon." M panse li s on kèk lòt denominasyon, m pa konnen, Presbiteryen, on bagay Presbiteryen.

243 Li te di: "M te rankontre sa fè apreprè ventan de sa. M desann nan Grants Pass kote w..." Pa Grants Pass, men m blyie non kote a. "La a," te di: "tout peyi, tit nan jounal chak maten." Te di: "Tout moun te konnen sou sa." Te di: "M pat menm ka rive nan bildin kote w te ye a, men m te wè w monte. Epi yon jou, sou lari a, m te pwoche," di: "kat ou senk mesye nan viwonn ou, epi m te ba w lanmen. E ou...M te di w m te Frè Walker, e ou te di m kimoun ou te ye." Te di: "Nou te echanje kèk mo, epi lè sa a twa ou kat gwo mesye avè w te jis pouse w." Li te di: "M pat on kritikè w, e m pat pou ou." Li te di: "M jis pat konprann."

244 Li te di: "Sa te kontinye fason sa a pandan kèk lane, e apr on moman," te di: "Mwen...yon nom te di m pou m koute kèk bann, apreprè twazan de sa." Epi te di: "Mesye a te jwe bann yo. Epi, lè I te fè I," li di: "M te tande I pale." Epi di: "Mesye sa a te kwè ke w te yon—on pwofèt. M te di, M te di mesye a: 'M pa konn osijè de bagay sa yo; te ka sa, pou tout sa m konnen."

245 Kidonk, te di: "Alò yon lòt nom te bwote nan vil nou an, te g on reyinyon, epi m te rankontre I. Epi I te di: 'M se pwofèt Bondye pou jou sa a.'"

246 Li te di: "Konbyen nan nou mesye ki la a, tout jan?" Te di: 'Mwen—mwen—mwen tande kote yon mesye anba isi a ap koute dè bann, te di: "William Branham, dèyè nan lès la, te yon pwofèt pou jou a," ak dè bagay kon sa."

247 Li te di: "Nom sa a..." M pap rele non li, 'paske sa pa sonnen byen, isi a, nou wè. "Epi I te di: 'M konn William Branham,' te di: 'men li fo nèt nan Doktrin li.' Te di: 'Li pa Pannkotis; li pa kwè nan evidans inisyal,' Epi I di: 'Yon lò bagay, li di gen pwofèt majè ak minè. Pa g okenn bagay konsa.' Te di: 'Ou s on pwofèt oswa ou pa on pwofèt, epi se tout.'"

248 Li di: "Ebyen, mesye, m se...pat diskite avè w sou sa. M te jis di m te tande mesye sa a di ke mesye sa a, William Branham...e ke mesye sa te pretann li t on pwofèt." Te di: "M te jis mande m konbyen k te genyen."

249 "Li te di: 'Men m vle w konn sa. M se pwofèt laj sa a.'"

250 Li te di: "Ebyen, se sa w ye?" Te di: "Seyè a beni w epi pou L avè w."

251 Li te kontinye, pat janm fè okenn atansyon a sa. Epi te di I te kòmanse, nan mitan frè I yo, yon seri twa oswa kat reyinyon. Epi I te desann nan biwo lapòs la, te di: "Pa—pa chanje lèt mwen. Kite I isi a jouk m tounen, apeprè kat ou senk jou apre.

252 Yo te di: "Trè byen." Yo mete yon tikè anwo la a, pou yo pa chanje I.

Li te desann epi te wè pitit fi I.

253 Epi sou wout pou l soti, li—li te kanpe n on legliz. E l te gen reyinyon lanwit sa a. Nan demen maten, li te di l te jis rive panse: "Al chache livrezon jeneral." Epi lè te fè sa, yon lèt te glise nan biwo lapòs la epi te rive jwenn pitit fi l; pitit fi l te voye la a, livrezon jeneral.

254 Epi l te louvri l. Epi te di se t on nonm, Mesye Hildebrandt, ki se yon zanmi m, ki te mesye ki tap jwe bann yo. Te di Mesye Hildebrandt te g on mo sot nan men Roy Borders (e se youn nan manadjè yo, nou konnen), ke m ta pral f on reyinyon dèyè isi a, pou depi nan venntuit rive le premye, tounen epi wè pou tèt pa l.

255 Li te di: "Kounye a, gad isi a, mesye sa yo ap eseye rale m antre nan on bagay kon sal!" Ou wè? E l te jis vire lèt la voye l nan poubèl la, epi te kontinye, ou wè, kon sa. Te kontinye antre epi te fè reyinyon sa a lannwit sa a. Epi nan demen maten...

256 Apresa l te kòmanse ap kenbe kè l, ap rele, la a menm nan sal la.

257 Li te di: "Mesye Branham, m reyalize m dwe kanpe devan Bondye." Li te di: "M pa konn si m tap dòmi oswa sa k te pase." Li di: "M te reve. M pral di m tap dòmi epi m te reve."

258 Te di: "M te panse pitit gason m, nan makèt la, te foure men l nan yon—yon sak." Epi te di: "Lè l te fè sa, se t on sak pòm, e yo tout te vire tounen." Te di: "Lè m t al ranmase yo, yo tout te dè pòm vèt ak yon moso yo te pran ladan yo." Te di: "M tap ranmase yo, tounen mete yo nan sak la." Te di: "Kèk nan yo te woule soti, epi te woule desann, kidonk m t al eseye pran yo, epi anba...sou zèb lan." Epi te di: "Yo te woule anba youn nan kloti sa yo ki bloke ak chenn. E te g on gwo sipè otowout ki kouri anndan la a. M te vire tounen nan lès, epi," li di: "chenn lan—lan—lan te kwoke sou yon—yon gwo wòch dèyè nan lès la. E m te tounen la a, epi m te panse m tap kite chenn sa a anba, apresa ale lòtbò a epi pran pòm yo pou mesye a." Te di: "M te kòmanse kite chenn lan tonbe."

259 Te di: "Yon vwa te souke tout tè a." Te di: "Latè a te souke, depi anba pye m." Epi te di: "Apre l sispann souke, m te tande on vwa." Epi te di: "Frè Branham, se te vwa w," te di: "M te konnen; te g on bagay ki te di sa." Te di—te di: "Li te di: M ap monte pis sa a yon fwa ankò!"

260 Epi te di: "M te kòmanse ap gade wòch la anwo, kon sa, epi te kontinye gade, nan depase nyaj yo. Epi anwo nèt la a, ki te kanpe sou yon wòch ki te rive soti nan lès al nan lwès, nan yon fòm pwenti kon sa, tankou yon piramid, kouri dèyè nèt isi a nan lès, epi," te di: "men w te kanpe la a, sou yon chwal ke m pat janm wè anyen kon sa nan vi m; gran chwal blan, krinyè blan pandye." Epi te di: "Ou t abiye tankou yon chèf Endyen, ak tout bagay Endyen yo sèvi." Te di: "Li te g on kuiras; braslè sa yo nan bra l, epi tout tonbe toutotou kon sa." Te di: "Ou te men w anlè kon sa." Epi te di: "Chwal sa a te kanpe la a tankou yon chwal militè, ak on

demach kon sa, ap mache,” mwenmen ki te kanpe poze. Epi te di: “Ou te rale sou rèn yo, te pati ap monte nan dirèksyon Iwès.”

261 Te di: “M te gad anba la a, e te plen syantifik.” Epi nan demen maten...Se te samdi. Nan demen maten, m te preche sou syantifik, nou konnen, ki de dyab la. Epi te di: “Dè syantifik la a t ap vide dè bagay nan tib, epi ap melanje l.” Te di: “Ou te kanpe chwal la, te leve men w anlè ankò epi te rele: ‘M ap monte pis sa a yon fwa ankò!’” Epi te di: “Tout tè a te souke. Moun sa yo te souke,” te di: “te gad anlè epi te gad youn lòt, kon sa, epi te gade w. Yo te jis monte zepòl yo, te kontinye ak rechèch syantifik yo.” Epi te di: “Ou te kòmanse a pral nan direksyon Iwès.

262 “E lè sa te fèt,” te di: “M te wè mesye sa a ki te rele tèt li yon pwofèt, ou konnen,” te di: “Li vini sou on chwal ki te melanje ak blan ak nwa ansanm.” Epi te di: “Li te leve dèyè gran gwo chwal sa a.” Te di: “Se te,” te di: “anwo nèt pi wo nyaj yo, e wout la la a pat laj kon sa.” Epi te di: “Chwal sa te jis danse, bay van an ki tap vante plim yo ak yout bagay sou—sou abiman w lan,” epi te di: “lè sa a krinyè chwal la ak ke li kap vante. Gran mèt, gwo chwal blan, ap mache dwat nan liy.” Epi te di—epi te di: “Mesye sa a te kouri dèyè w, sot nan direksyon Canada,” epi mesye a vin nan Canada. E l te di: “Tounen, epi,” te di: “li te pran ti chwal li a, ap eseye kale gwo chwal ou a; ap fè l vire; fè ranch li frape ak...” Te di: “Sa pat janm bouje gwo chwal la; li te jis kontinye ap mache.”

263 Te di: “Alò, toudenkou,” te di: “ou te vire tounen.” Te di: “Se tap twazyèm fwa ou te pale, men dezyèm fwa a ou te di ‘M ap monte.’” Epi te di: “Ou pat pale jan w te fè a. Ou te kòmande.” Te di: “Ou te vire tounen epi te rele mesye a pa non, epi te di: “Retire kò w isi a! Ou konnen ke okenn moun pa ka monte sou wout sa a isi a san Bondye pat òdone l pou l fè l. Retire kò w isi a!”

264 Epi te di: “Mesye a te vire tounen.” Epi te di: “Mesye a te ekri m dè lèt.” Epi di: “Sou ranch chwal li a,” nwa ak gri sa a, epi melanje ansanm, te di: “non l, siyati l te ekri sou ranch chwal li a, jis egzakteman tankou sa ye sou lèt li. Epi l te monte pati nan direksyon nò a.”

265 Te di: “Apresa ou te kontinye desann; gwo chwal sa a te vire tounen, nèt ale lwen nan lès otan ke w te kapab.” Te di: “Ou te kanpe epi te leve men w anlè kon sa.” Apresa l te kòmanse kriye. Te di: “Frè Branham, pou wè chwal sa a ki kanpe la a; tout bonè lagè sa a ak tout bagay kon sa, e,” te di: “kuiras sa a ak tout bagay klere.” Te di: “Ou te kenbe men w anlè l on ti moman.” Epi te di: “Ou te gad anba ankò, te ranmase rèn yo, te di: ‘M ap monte sou pis sa a jis yon fwa ankò!’” Te di: “Tout latè te souke ale vini, kon sa.” Epi te di: “Pat gen okenn lavi ankò ki te ret nan mwen; m te jis tonbe sou kote wòch la. Apresa m te leve.”

Te di: "Kisa sa vle di, mesye?"

M di: "M pa konnen."

266 Demen maten...Junior Jackson, ki te reve sou piramid la, nou konnen, lè m t ale nan lwès. Nou sonje sa? Li te rele m, youn ou de mwa anvan sa. Li te g on rèv kap boule; li te dwe di m. Epi m te di: "Billy..."

267 Te gen apeprè ven ki te kanpe deyò la a. Li te di: "Junior Jackson, anba la a, te di I te dwe rakonte w rèv sa a."

M te di: "Fè l antre, jis apeprè senk minit."

268 Li te fè madanm li antre, epi, li te di, pou yon temwen. Li te di: "M te reve, Frè Branham, mwenmenm ak madanm mwen te deyò a ap monte." Epi te di: "M te tounen gade nan lès, epi m te wè, sanble tankou, yon tach, tankou youn nan soukoup volan sa yo."

269 Ou wè, mond lan pa konnen kisa sa ye, nou konnen. Nou konnen l la a. Nou konn kisa l ye. Ou wè? Nou konnen l ap envestige, Zanj jijman yo, nou wè. E kijan nan Pentagon ak tout, sou kijan l desann dwat; epi entèlijans lan, kijan yo ka [Frè Branham klake dwèt li yon fwa—Editè a.] ale tankou yon zeklè epi pati, rale kò yo lwen de nenpòt bagay yo genyen. Ou wè, yo pa reyalize kisa l ye, ou wè. Kite yo panse kèleswa sa yo vle a. Yo rele l soukoup volan, oswa kèleswa. Yo pa konnen, ou wè.

270 Te di: "E m te wè l kap vini, epi m te gade l. E sa l te ye, se t on nonm sou on chwal." Epi te di: "Li tap vini ak vitès zèklè." Te di: "M te wè l ta pral desann devan m. Epi m te kanpe machin mwen an, te sote soti. Lè l te fè l," te di: "machin lan...chwal te kanpe nan wout lan, yon gran chwal militè blan kap mache nan yon demach." Sa se Pawòl Bondye a, byensi, nou konnen, ap mache nan yon demach.

271 Te di: "Te g on mesye ki te chita la a." Te di: "Li—li te abiye nan abiman westèn; pat on kòbòy, men," te di: "te sanble yon chèf sou ranjèz oswa on bagay." Ou wè, tout otorite chèf li, sot nan lwès; Endyen yo sou Endyen yo; ranjèz sou, ou wè. Epi te di: "Mesye a te gen chapo l ki te bese, epi te gen...tap gade sou kote." Epi te di: "Lè l te vire sou kote," te di: "se te ou, Frè Branham." Te di: "Ou pat janm pale jan w te pale. Ou te di: 'Junior!'" Te rele l twa fwa. "Epi te di: 'M ap di w sa pou fè.'" Epi di: "Apresa ou te rale sou rèn chwal sa a. Ou te fè apeprè twa bon, epi w te pran pou syèl la, epi w t ale nan direksyon lwès la.

272 Li te di: "Jis on minit, m te gade nan viwonn lan, epi men yon chwal ki pi pitit pase sa a vini, menm ras la, men pi piti, epi l te kanpe." Te di: "M te mache nan viwonn lan, te di: 'Li dwe te voye sa tounen pou mwen.'" Te di: "M t antre ladan l." (Junior te f on ti monte, tou. Li

te di: "Ou konn kijan sèl ou byen ajiste pou ou, Frè Branham, zetriye yo ak tout bagay?" Te di: "M te panse: 'Ebyen, sa fè m byen jis kòrèkteman.' Kidonk m te rale sou rèn yo, dekole pou syèl la." Te di: "M te rale sou rèn yo epi te kanpe l, te fè l vire epi te tounen. Ou wè? Lè m te tounen," te di: "M te kanpe chwal la, te desann, te pale a madanm lan. Chwal la te pati." Epi li...?...

273 Alò, avantyè, twa jou de sa, Leo Mercier vini, ap desann ak egzakteman menm rèv la, pa konn anyen sou sa; prèske ap eseye kwaze yon gwo etalon blan ak yon femèl chwal nwa, e yo pat ka fè l; sou nè. Te di m te pwoche la a, te di: "Leo," epi te di l kisa m te fè. M pa vle di sa isi a, ou wè, men m te di l kisa m te fè. "Te di: 'Èske n pa wè? Kounye a, pou konn sa; m pat konn Ed Dalton te g on bofis, e bofis la te g on chen ak non sa a. W ap konnen, Leo, ke w ap reve. Men, lè w leve, sonje sa!" Epi te di: "M pat janm tande yon kòmand konsa."

274 Apeprè nan moman sa a, Roy Roberson antre, te di: "Frè Branham, ou sonje anvan la a anvan w te kite legliz la pou premye fwa a? Nou te...M te wè w chita, tankou nan Palestin. Nou tout te, konsèy la ak tout bagay, te chita tankou tab soupe Seyè a, epi ou te pale. E ou...Li pat sèten de kisa w tap pale." Te di: "Yon nyaj blan desann epi te pran w, te pote w ale." Konbyen moun ki sonje rèv Frè Roy lan—lan? Epi te di: "Nyaj blan an te pote w ale," epi te di: "apresa ou te pati. M te mache nan lari yo, ap rele epi ap kriye."

275 Lè m vini isi a, epi vye ti bra enfim sa a, jan l te ye a, ap li sa. Li te kite rato an tonbe epi m te kòmanse ap kriye lè l te wè m vini la a. M pat wè l kidonk li rakonte m rèv la. Epi l te di...Epi l tap pase rato. M te di...

276 "E—E w te pati." Te di: "M te mache nan lari yo, toupatou, ap eseye jwenn ou. M pat ka jwenn ou, pyès kote. M tap rele: 'O, Frè Branham, pa pati!'" Te di: "Yon nyaj blan antre epi te pran w, epi te pote ale lwen nou, nan direksyon Iwès." Se te anvan piramid la oswa nenpòt bagay. Te di: "Te pote w nan direksyon Iwès. Epi m te kriye, e m te mache nan lari yo."

277 Te di: "Apr on moman m t ale epi te chita sou tab la. M te rive gad anwo la a nan tèt tab la." Te di: "M te ka jis wè sa ase nan ou, te blan kou nèj." Te di: "Ou te kanpe la a." Epi te di: "Ou te pale ak otorite. Pat g okenn devine nan sa." Te di: "Chak nonm te konprann egzakteman kisa w te di."

278 O, frè m, sè, kounye a, nou chak konsyan, m konnen kisa sa vle di. Ou wè?

279 Jis gade! Rete pre Kris. Kite m avèti nou kounye a, kòm yon minis Levanjil la, de sa. Pa pran okenn tenten. Pa imajine anyen. Rete dwat la a jouk anndan sa a de anndan an ankre nan Pawòl la, ke w dwat nan Kris, paske se sèl bagay ki pral...Paske, nou nan laj ki pi twonpe

ke n te janm viv ladann. "Li tap twonpe Eli a menm si se te posib," paske yo gen onksyon, yo ka fè nenpòt bagay tankou rès nan yo.

280 Newaye vi nou. Peye dèt nou. Jezi te di: "Pa dwe pèsòn." Kounye a, kounye a, m vle di, tankou Iwaye kay nou ak bagay, nou dwe fè l. Debarase nou de tout bagay nou yo. Mete tout bagay nan lòd. Prepare nou. Prepare nou. Sonje, nan Non Seyè a, yon bagay ap pare pou rive.

281 M pral nan bit yo semèn sa a, pa egzakteman pou chase ekirèy; byensi, m renmen chase ekirèy. Men m pral deyò la a pou objektif sa a, ap di: "O Bondye, m pa konn nan ki direksyon pou m deplase, e m pa vle rate sa. Ede m."

282 Priye pou mwen. Èske n ap fè l? M ap priye pou nou. M swete, pa mizèrikòd Bondye yo, ke m rankontre nou chak, epi nou rankontre nan yon pi bon Peyi pase sa a isi a.

283 E poukisa n ap vini isi a? Kisa n ap fè? Èske n ap vin isi a, ap jwe yon jwèt? Èske n ap vin isi a, ap rankontre tankou yon lòj? Se, Kris pa ka vini jouk Legliz sa pafètman dwat. L ap tann nou. M kwè nou nan fen an.

284 Gade, nan Kalifòni. Gade revòlt yo. Gade diznèf moun yo te touye, rasis. Èske m te di nou, isi a sa pa fè lontan, ke Martin Luther King sa a tap kondwi pèp li an nan yon masak? Konbyen moun ki sonje sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Se pa moun nwa sa yo; se lidè yo kap ajite yo. Se pa entegrasyon, segregasyon, ak kèlkeswa sa yo vle rele l la; se dyab la. Se vre. Pa sèlman pou blan an, nwa yo; se yo tout. Se dyab la.

285 Kapasite mantal yo ak rezon lòm yo kraze. Pa gen okenn espwa. Sa ale Iwen kite lespta. Tout bagay la s on plè ki pouri. Kapasite mantal lòm; yo pa ka pran desizyon.

286 M pa on politisyen. M pa, ni Demokrat ni Repiblikan. Yo tout degoutan. M pou yon sèl Wayòm, e se Wayòm Jezikri a. Se tou. M kijan omond ou te ka janm wè yon bann maryonèt tankou n genyen anwo la a kounye a, tankou gwooup Tekzan nou gen anndan la a? "Pouki," yo di: "kèlkeswa sa moun yo vle a! Si yo vle kominis, n ap ba yo kominis. Si yo vle entegrasyon, n ap ba yo entegrasyon. Vle segregasyon, nou bay kèlkeswa." Èske l te... Kote lòm ye?

287 O Bondye! Se tankou lestrad la. Kote lòm ye, lòm ki lòm lan, ki kanpe pou on prensip? Kore fanm ki kanpe pou on prensip? Kote yon legliz ki kanpe pou on prensip? M pa g on goud tan pou on lespri feneyan, ki sede, k ap fè konpwomi. On fanm s on fanm, se pou l on dam. Si yon nonm s on nom, se pou l on nom.

288 Si l s on prezidan... Kote John Quincy Adams nou yo? Kote Abraham Lincoln nou yo, dèzòm ki gen prensip? Kote Patrick Henry nou an, te di: "Ban m libète oswa ban m lanmò"?

289 Kote yon nomm ki kanpe pou sa ki bon? Kote nomm ki pa pè pale fò? Malgré, tout mond lan kont li, pale fò pou sa ki bon; epi kanpe pou li epi mouri pou li. Kote Arnold von Winkelried nou an ankò jodi a? Kote òm entegrite yo? Kote òm ak lespri yo? Yo sitèlman feneyan epi maladwat jouk yo pa konn kote yo kanpe.

290 Bondye, kite m kanpe ak prensip yon sèl Nonm, kòm yon minis, Pawòl Jezikri a. "Paske syèl ak latè ap pase, men Li pap janm fayi. Sou Wòch sa a M ap bati Legliz Mwen an; pòtay lanfè pap triyonfe sou li."

Annou kanpe.

Beni lyen ki mare

Kè nou nan lanmou Kretyen;

Kominyon lespi ki sanble

Se tankou sa ki Anwo a.

Kounye a mete men nou youn ak lòt.

Lè nou separe apa,

Sa ban nou doulè andedan;

Men nou va toujou reyini nan kè,

Ak lespwa pou kontre ankò.

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Jouk nou rankontre nan pye Jezi;

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Bondye avè n jouk nou kontre ankò!

291 Ann koube tèt nou kounye a, pandan Frè Nevile voye nou ale, nan yon mo priyè.

292 Tounen aswè a, kounye a. N ap tann yon gran sèvis aswè a, isi a nan tabènak la. Bondye beni nou. Epi priye pou mwen; m ap priye pou nou.

293 Pa panse ke m s on fanatik, zanmi. Pa panse m ap eseye pouse on bagay sou nou. M renmen nou. E m g on prensip, se Bib la. Pa yon sèl Pawòl ka retire nan Li. Pa yon sèl pawòl ka ajoute nan Li. E m kwè L fason Li ekri a.

294 Ann koube tèt nou kounye a, epi bon pastè lwayal nou an voye asanble a ale. Bondye beni w, Frè Neville.